


AKAMOTO K'IBIHARAGE GATANGURA KUNANIRA

Intahe z'abigeme bavyaye ari imiyabaga itarubaka

“



”

Bujumbura, Nyakanga 2022

Projet Renforcement des structures de santé dans
le domaine de la planification familiale et de la santé
et des droits sexuels et reproductifs (SDSR)

Bujumbura, Burundi

*Deutsche Gesellschaft für
Internationale Zusammenarbeit GmbH (GIZ)*

Bonn et Eschborn
Friedrich-Ebert-Allee 32 + 36
53113 Bonn, Allemagne
T +49 228 44 60-0
F +49 228 44 60-17 66
E info@giz.de
I www.giz.de

Ibirimwo

Intangamarara.....	4
Intahe ya Vivine : « NTA N'INDURU NAKOMYE NGO NTABAZE ».....	6
Intahe ya Concesca : « NARI MFISE IMYAKA CUMI N'ITATU ».....	9
Intahe ya Claudine S. : « URAZI KO IMIBIRI ARI NK'ISUMAKU IMIBIRI YARATUGOYE ».....	12
Intahe ya Elisabeth : « DATA YARATUKA MAMA NGO NTIYAREZE ».....	16
Intahe ya Emmanuelique : « YANKOREYE IVYA MFURA MBI NGO YIHORE ABANTU BOKU MUTUMBA ».....	20
Intahe ya Evelyne : « NTUZOSUBIRA KUMENYA MW'ISHURE WANSE KO TURYAMANA ».....	26
Intahe ya Claudine N. : « IKARESO NARI NAMBAYE NAYITOYE IRIKO AMARASO KANDI YATABUTSE ».....	34

Intangamarara

Mu gufashanya kuri hagati y'umugambi w'igihugu ujejwe irondoka rijanye n'amagara meza (PNSR) wo m'ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kurwanya Sida n'umugambi ujejwe irondoka rijanye n'amagara meza w'ishirahamwe GIZ, ku buryo butangwa n'ubushikiranganji bw'ubudagi bujejwe gufashanya n'amakungu, ubutunzi n'iterambere (BMZ) ugufasha abigeme bavyariye iwabo mu vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza vyaratanguye muri myaka iheze. Bivuye ku bibazo bahuye n'ubufasha bagiye bararonka ku kungene bovyitwaramwo, vyaribonekeje ko kenshi bahanurwa n'abagenzi babo ku ngorane bariko baracamwo kubijanye n'irondoka rijanye n'amagara meza. Kuba basabwa impanuro kandi batari abarezi birakenerewe kubafasha gutanga inyishu zoroshe kandi zirashe, na cane cane iyo ari kurungika urwaruka ku mu bigo bigenewe kubaha ubufasha bukwiye nko ku mavuriro, canke ku kigo kijejwe iterambere ry'ingo, imiryango n'ikibano (DCDFS).

Iki gitabu kirimwo intahe z'abigeme bavyaye ari imiyabaga itarubaka, bose babarimyi, baronse inguvu zo kuvuga ivyabashikiye n'inyigisho z'ubuzima bakuyemwo kugira bafashe kandi bahanure urwaruka kubijanye n'ingingo bokwifatira n'inkurikizi zazo mu buryo burama haba kuri bo canke kubabegereye.

Abo bigeme ni abanywanyi b'ishirahamwe ry'abigeme batwaye inda bakiri imiyabaga ryitwa SENGE ryavutse mu karere k'amavuriro ya Fota na Buziracanda muri 2014 rifashwe mu mugongo n'umugambi w'irondoka rijanye n'amagara meza wa GIZ. SENGE yabereye akarorero abandi bigeme batwaye inda bakiri imiyabaga baba mu burere bw'ayandi mavuriro 27 ari mu ntara zifashwe mu mugongo n'umugambi mu gushiraho amashirahamwe yo gufatana munda. Uburambe bw'iryo shirahamwo SENGE, bwatumye abo bigeme bagira umwanya ukwiye wo kwegeranywa intahe ku mpinduka babonye kuva bagiye hamwe mu mashirahamwe.

Iki gitabu kirafitaniye isano n' « agatabu kisungwa n'umwigeme yatwaye inda akiri umuyabaga mu guhanura no gutera intege abandi mu bibazo bahura vyerekeye irondoka rijanye n'amagara ». Ako gatabu kavuga ingorane zimwe zimwe imiyabaga ikunda guhura nazo (abahungu bahenda-henda abakobwa bashaka ko bakora imibonano mpuzabitsina, amabi afatiye ku gitsina, inda zitifu-jwe...) ingorane. Iki gitabu c'intahe kivuga neza gikoresheje ibishikirijwe n'abo vyashikiye n'ingene babibayemwo. Kuri buri ngorane yose iri muri ako gatabu, uwuhanura canke uwuremesha ikigan-iro, ashobora no kuba ari umwigeme yavyariye iwabo nyene, azoronka muri ico gitabu c'intahe, intahe azobwira uwo mugwi canke uwo azoba ariko arahanura.

Intahe yose iravuga neza uko vyagenze kugira ngo umwigeme atware inda atipfujwe atarubaka, umubano w'uwo mwigeme n'abamwegereye nk'umuryango canke uwamuteye iyo nda, ingaruka vyamuzaniye n'ingene yavyifashemwo, n'impinduka mu buzima bwiwe amaze kuja hamwe n'abandi bigeme bibarukiye iwabo mu kwiungunganya bongera bahana impanuro.

Inyuma y'intahe yose hariho igice cerekana :

1. Inyigisho twokura muri iyo ntahe

- Mu kiganiro co m'umurwi (ikiganiro mu kibano, ikiganiro kw'ishure)
- Canke uriko urahanura umuntu (kuganira muri babiri nk'akarorero iyo hari umwigeme yibarukiye iwabo aje kwiturwa n'uyundi mwigeme)

2. Urukurikirane rw'ibibazo (rukurikirwa n'ivyiyumviro n'insiguro ziri mu ga karo)

bishobora gufasha uko kuganira mu murwi canke muri babiri kugira mumenye icatumye haba iyo ngorane, ingene uwo mwigeme yarikuvyirinda, ico abamwegereye bakoze, n'ingene abonyene barikumukingira.

Izo ntahe z'abigeme batwaye inda bakiri imiyabaga zizoba imfashanyigisho nyazo mukwigisha no mu guhimiriza urwaruka.

Intahe ya Vivine : « NTA N'INDURU NAKOMYE NGO NTABAZE »

Imyaka afise ubu : imyaka 24

Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wa mbere : imyaka 18

Ibihe bikurubikuru vyankozeko mu buzima, ni igihe naja mu butinyanka, kuko je nagiye ndabibona biza ntanivyo narinzi, rero maze gutwara inda sinasubiye kubibona vyacyiye bigenda.

Jewe ingene vyagenze ngo ntware imbanyi, umuhungu yari umubanyi tubana hafi, yari umugenzi ntitwari dukundana yari umugenzi bisanzwe yaranyinginze ashimitse gose ngo tugire imibona-no mpuzabitsina, ngo ntazompemumukira, ngo azomfasha muri vyose ngo kandi nivyashika ngatwara inda nzoce ndabimubwira.

Aca yongerako ngo ni ukuri ngo aha rero tudahejeje na wewe ngo simpfa nemeye. Twari ahantu ku nzira, nta n'abantu barengana, acaguma ambwira ngo, burya rero uno musu turuhuka duhejeje, nanje ndaraba ingene nomwikura biranka nca ndemera. Munyuma mbonye nanje vyabaye nca nibwira nti ko vyashitse nta kundi, nta n'induru nakomye kuko nabonako ata muntu n'umwe ahari kandi koba ari ukwimaramaza nca ndahora.



Biheze naciye ntaha mugabo nta muntu numwe nabibwiye kubera gutinya navuga nti, naho notwara inda bazobibona ikuze. Na jewe kugira menye ko mfise inda natanguye kwumva mu nda hari icahindutse umengo haracidudura mu nda. Naciye nja kwa muganga nsanga mfise imbanyi imaze amezi ane. Niho naca ndabibwira wa muhungu ko mfise inda nawe aca ambwira ngo : « Ja hiyo je harico nagukoreye nimba wahaye abandi sijewe. »

Naciye mbona ko atakundi nobigenza ko uwo mwana atazonanira kurera. Naciye rero ndabibwira mama nti burya rero ndafise inda, acambwira ngo none ko vyashitse ntakundi ati kutabaye uwambere bishikiye kandi utari uwa kabiri. Na papa nawene yavyakiriye neza kubera yambwiye ngo ndazi ko ivyo ari ibishika, ngo ja mubandi umurere kizire kwiyumvira ku mukorora. Naciye ndamubwira nti ni ukuri ico ntaconigeze niyumvira nzomurera. Nabo tuvukana kuko turi cumi (abahungu 2 nabakobwa 8) bose barandemesheje bambwira ngo : « Ko vyashitse ntakundi, gusa ntuze utugokere ngo umunige urayitwara wongere uyivyare. » Je ne tombais pas souvent malade pendant ma grossesse,

Sinigeze ngwaragurika mfise imbanyi, naja kwa muganga ngiye ku bipimo, kandi nibarukiye kwa muganga mperekejwe na mama kandi nibarutse neza. Mu vyukuri nta muntu yigeze amfata nabi.

Tumaze gutaha muhira, mama yarantubikiye n'igikwemu, akongera akankanda n'amazi ashushye yabigira kabiri ku musu, mu gatonda no ku mugoroba. Gushika n'ubu abo munzu iwacu ; n'agahuzu baramumesera no mu misa baramujana tutarikumwe. Yari yatanguye ishure mugabo ubu yahevyeye kubera akunda kugwaragurika agwara cane cane malaria n'iyindi ngwara ituma ashuha naciye ndamureka agume muhira. Umwana aranditswe muri commune, mama yaramwanditse kw'izina ryiwe ngo uyu mwana reka ndamwandikishe ngo ni uw'uburundi azomvomera amazi.

Abo mu muryango nabone barahanuye abavyeyi banje ko ivyanshikiye ari ibishikira n'abandi bakobwa, ko batomfata nabi ahubwo bovyakira, Abagenzi baraza bakandemesha bakambwira ngo singire igihababu, ngo bizogenda neza, ngo ko vyashitse ntakundi. Abo ku mutumba nabone ntaco bigeze bambwira.

Se w'umwana ntiyigeze amwitaho, umwana agahuzu nije ndondera, niyo agwaye nije ndamuvuza, ubu ntamigenderanire dufitaniye. Ubu akora ikiboyi i Bujumbura ahubwo ubu umengo ndamubonye nonamutuka ingene yantanye umwana naje ntiyigeze anyitaho,

Jewe novuga ko yamfashe ku nguvu kuko ntavyo nashaka kandi ntivyakunze ko nkoma induru ngo ntabaze nacye mpora muga ngo nti ntakundi ko vyashitse.

Nta muntu w'umwizigirwa nigeze ndabibarira bikiba narihoreye, mama niwe nabibwiye mvuye kwa muganga inda imaze amezi ane ndamumenyesha ko nahuye n'umuntu kandi ntiyangiriye vyiza kandi narasamyeye, mama aca avuga ngo ntakundi ko vyashitse uzoyivyara.

Kuri jewe, gutwara inda nta nkurikizi nabonye kuko bose bavyakiriye neza, kuko bavuze ngo ko vyashitse vyarashitse ntakundi. Naho bamwe bamwe babafata neza hariho abafatwa nabi, basaza babo bakabirukana ngo bajane kwa se uwo mwana ngo kuko aho ari ntazohatorana. Kubera ko nawe umuhungu aba yamwihakanye baca babaho nabi hariho n'abaca biyomokera bakaja za Bujumbura bamwe bakomokana n'umwana canke akuze ataconka akamusiga iwabo. Hariho n'abaja mu buyaya canke bakaja kurara mu makanivo.

Kuva nkurikiranye inyigisho mu bandi bigeme bibarukiye iwabo mw'ishirahamwe SENGE, hari icahindutse, ryaratuziye neza. Ubu twaravavanuye n'ingeso mbi zo guhuza ibitsina imbere yo kwubaka. Ishirahamwe SENGE ryaratwigishije aho utumbera wafashwe ku nguvu, ubu twarigishijwe kwirinda gutwara imbanyu tutifuje. Twarigishijwe ko kugira uvyare ku rugero utegerezwa kuja kwa muganga bakaguha impanuro. Twarigishijwe kandi kwirinda ivyo abahungu baduhendahendesha nk'inzoga canke ivyema ugasanga wemeye ko muhuza ibitsina.

Nohanura abandi bigeme batarashikirwa n'ikibazo nk'iki canshikiye ko bogira ingeso nziza mu kwihangana. Abashikiye n'ikibazo nk'icane nabo, nobatumirira bakaza mw'ishirahamwe SENGE, kuko ubu, tubayeho neza kuba twararonse inyigisho. Ubwambere twari tubayeho nabi twarikumira twebwe nyene. Ubu turi mu bandi turi nk'abandi kandi ntibaturaba nabi, n'ingeso mbi zo guhuza ibitsina tutarubaka twaraziheye.

Inyigisho twokura muri icyo ntahe kugira abantu bahanahane ivyiyumviro (mu kibano canke mu mashuri) : guhanahana ivyiyumviro bishobora kwer-ekeza kubona nabi gutabaza mu kuvuza induru ku mutumba n'ingarukam-bi yavyo ku nyifato y'abahungu n'abakobwa.

Ikibazo nyobozi : Isoni canke gutinya no gukoma induru mu gahinga : icyo nyifato yo mu kibano irashobora guhinduka ? Ari ego, hokorwa iki ngo bihinduke ?

Murashobora kuyobora ibiganiro mu kubaza ibi bibazo muri uru rukurikirane : mwibaza iki ku nkuru y'uwo mwigeme ? ku nyifato yiwe ? Icyo kibazo nyene ku muhungu, ku muryango, ku kibano.

Insiguro n'iviyumviro

Umukobwa : yagize neza kuvyiganira nyina maze atako aremanga ico ceyi co kubaho afise inda y'ishushu no kwitaho ikibondo ciwe. Ariko, ukwo kwemanga kubaho mur 'ayo magorwa ntibimubuza gushengeza uwamuteye iyo nda y'ishushu kugira ngo nawe azobone ingaruka z'icaha yakoze bivuye ku nyifato yiwe.

Ikibazo nyamukuru : Mu kibano, uko biba kwose umukobwa aba ikimaramare (gukoma induru agatabaza, canke gutwara inda y'ishushu atipfuye), amahitamwo yoba ayahe : kumaramara canke gutwara imbanyi utifuje ? Mu kibano na cane cane abagabo n'abahungu barazi neza ko atangarukambi zibabako. Umuhungu : arabifisemwo uruhara rukomeye ariko nta nkurikizi yamukozeko atar'ukubonwa nabi mu kibano, none ivyo har'inkurikizi ziboneka bizogira ku buzima bwiwe ? Hokorwa iki kugira ngo arindwe iyo nyifato mbi ?

Umuryango : Wakiriye ibintu uko biri kandi kukaba nkako iyo bitaba uko, hari kuba ingaruka mbi kuri bose mu muryango na cane cane ku mukobwa n'umwana yari yibungenze tudasize inyuma inkurikizi mbi ku magara yiwe muri rusangi (harimwo kuyinga = Ikiyingiyingi). Ukumuba hafi mu muryango ni kirumara mu bihe bigoye nkivyo. Ariko bari na cane cane kumufasha gushengeza uyo yamufashe kunguvu kugira ngo iyo ngeso iranduranwe n'imizi.

Mukibano, incuti n'abagenzi : Umukobwa nta nkurikizi zamushikiye kuko abagenzi bamugumye hafi no mu kibano ntibaheza ngo bamuharire ivomo. Biboneka ko iyo bamugira igicibwa atopfuye akuye icigwa mu vyamubayeko, kukaba nkako, yohavuye asanga yaguye ubugira kandi muri vya vyago nyene bivanye nuko ataronse abamuba hafi no kumuremesha.

Intahe ya Concesca : « NARI MFISE IMYAKA CUMI N'ITATU »

Imyaka afise ubu : 25

Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wa mbere : 14

Ibihe bikurubikuru vyankozeko, ni igihe nasama imbanyi ntifuje.

Ukuntu vyagenze naba kwa nyokuru avyara papa hanyuma rero hakaba hari umukozi, twama tujana gukora akama ambwira ko ankunda. Haragera igihe baru-baka inzu tukaja kwikorera amatigura hiyo kure mu gatsinga hanyuma akaguma ampendahenda ambwira utujambo hanyuma rero birashika turagira amabanga mpuzabitsina nca ndatwara imbanyi. Ntiyamfashe ku nguvu, yarampendahenze nsanga nemeye kandi nabona ko biteye isoni gukoma induru mu gahinga. Sinigeze menya ko natwaye imbanyi kubera ataco nari ndabiziko, nabibwiye gusa umugenzi wanje aca ambwira ngo nintahe muhira ngo singire ubwoba.

Sinigeze menya ko natwaye imbanyi. Kubera ntari nzi ko mfise imbanyi, ariko inda ikaguma ivyimba, naguma nibaza ngo ndwaye inzoka nkaguma nja kwa muganga kwivuka. Barampa imiti ariko ntaco yamarira. Maze kubona ko mfise imbanyi kandi haheze amezi menshi ntakija mu butinyanka, niho naca ndabibwira umuvyeyi wanje mama ariko ntiyantutse yagumye yihoreye. Sinigeze nja gusuzumisha imbanyi.

Hama haragera igihe amezi icenda arakwira hari nka sacenda z'ijoro niho ibise vyatangura ariko nta n'umwe nabibwiye nayiriweko kandi nguma nkora atawe nabwiye ko nagwaye. Nka samoya y'ijoro niho vyanka gose nca ndabwira mama. Nawe yaciye ahamagara ababanyi baraduherekeza turaja kwa muganga. Ariko nyokuru nta nakimwe namubariye kuko be n'umuhungu wiwe baguma bantuka umwanya wose. Dushitse kwa muganga naciye nibaruka umwana w'umukobwa. Baciye banshiramwo serum zi 3 bazana iyaka 4 mugabo yo ntiaheze baciye bayikurayo haciye nk'amasaha 4. Hageze nko muma satanu twaciye dutaha muhira dushitse ntibancishije mw'irembo bancishije ahantu mu canzo nca nshikira mu kigo. Kubera nari navyaye neza mama yarantubikiye igikwembe aranankanda n'amazi ashushe arankuriramwo n'inyuzi zitari bwaveyo (kubera bari bansatuye mu kwibaruka).

Sinashaka kuja n'ahantu na hamwe kuko abantu bose baguma bantuka. Uwumbonye wese yaca amvuga gushika naho nsigara numva nokwinyegeza abantu. Umwana arakura, sinigeze nja kumucandagisha canke ngo ndamuheke. Ni mama yabinkorera vyose. Jewe naja gukora gusa hageze ko ndamwonsa mama yaramunzanyira iyo ndi gukora. Ntagiye kurima, narajisha inkoko ngaheza nkazigurisha kugira ngure agahuzu canke agasabuni. Nari niga mu mwaka wa gatandatu ariko maze gutwara imbanyi sinasubiyeyo naciye mpeba. Twaba mu rugo rumwe na nyokuru avyara papa jewe rero naba mu nzu kwa nyokuru. Abo tuvukana baranyinuba ngo ntidusangira narisigaye nisangiza nkiryamana ngo ntiboryamana nanje, bakavuga ngo birateye isoni kuryamana n'uwatwaye inda y'ishushu. Nariryamana.



Papa yari i Bujumbura amaze kumenya ko mfise imbanyi nawe urumvako bigoye, yavuze ngo niyashika muhira azoshika yica mama. Jewe ntaco yigeze amvugisha. Yarandungikiye igitenge mugabo ntaco nigeze nambara. Jewe nagumye nambara ijipo. Nagumye nigira gukora mama akanzanira umwana hageze kumwonsa. Ababanyi bamwe barampa amahera y'agasabuni canke bakamfasha mu bundi buryo. Abo mu muryango iwacu babifashe nabi baguma bamvugako ibintu bidafashe.

Abantu bo ku mutumba iwacu nahone baguma bamvuga nabi. Abana bobo bareguka bagatwenga. Barandaba bacishije mu biti vy'urugo, aho nicaye ndiko ndajisha inkoko. Nari umuririmvyi mu muhari gatorika wa Regiyo Mariya. Bose barantuka ngo narahonyanze ingendo y'abaririmvyi. Bavuga ngo iyo mihari ikwiye gufutwa ngo ntaco imaze. Vyarigeze no kunshikira no kudasubira mumisa mu kiringo c'imyaka itatu.

See w'umwana ico gihe yaciye aja gukora i Bujumbura hanyuma sinasubiye ku mubona. Ari iyo i Bujumbura baramubwiye ko navyaye. Hasigaye iminsi itatu ngo aze gutora umwana wiwe, nza numva ngo yapfuye, mugabo umwana yari yamwemeye imbere yuko apfa. Naho se w'umwana atakiriho, abiwabo baraje gusaba umwana ariko abavyeyi banje baramubimye ngo kuko batazanye ibirezo vy'umwana.

Papa yahavuye aza mu nyuma, umwana amaze gukura, afise umwaka. Ntaco yigeze amvugisha. Mugabo iyo yaborewe arantuka ngo nta bana barerewe kwa ba inakuru ngo iyo mba narerewe muhira nta nda y'ishushu nari gutwara. Ubu umwana arakuze. Afise imyaka cumi n'umwe. Mu kw'icenda azoja mu wa gatandatu. Muhira bamufata neza. Baramugurira impuzu n'ibikoresho vyo kwishure kandi nta ntambanyi ihari kuko umwana nawe mbona yisanzura.

Umwigeme yibarukiye iwabo inkurikizi nuko abantu bose bagutuma urutoke bavuga amajambo nkay a: « Ngurya yaravyariye iwabo, ngo nta n'umugabo azoronka, » nawe uri ukaguma wibwira ngo : « Ko nasubiye kuba umuntu, nzorindira gushika nta mugabo nzobura. » Nkubu baguma baza ari benshi kunsaba ngo tugire mariyaje ariko jewe sinshobora kwemera kwubaka ntaraganye. Nibarukiye kwa muganga ariko sinigeze mpimisha imbanyi kuko sinarinziko nasamye narinzi ngo ni inzoka icagiye gutuma ndavyibaza narimaze amezi menshi ntaja mu butinyanka. Kuba mw'ishirahamwe SENGE vyaramfashije cane naraharonkeye impanuro ndumva n'inyigisho ntarinzi, nki-zamfashije hari irondoka rijanye n'amagara meza n'ingwara zifatye mubihimba vyirondoka.

Impanuro noha abigeme bashikiwe nkivyanshikiye, ico nobahanura nuko bokwigenza neza bakareka guhuza ibitsina kuko ari bibi umaze gutwara imbanyi baca bagufata nabi. Intererano yacu n'ukuza turigisha abandi bigeme ku vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza.

Inyigisho twokura muri ico gishangantahe : ibiganiro birashobora kwer-ekeza uruhara rw'umwumwe kuvyerekeye umwana, nk'uko vyari kugenda, ugereranije n'ingene babitahuye nico bibaza ku ruhara rwari kugirwa nabo vyerekeye.

Ibiganiro birashobora kuyoborwa mu kubaza ibibazo muri uru rukurikirane : mwibaza iki ku nkuru y'uwo mukobwa ? ku ruhara rwa inakuru ? rwa nyina ? rwa se ? rw'umuhari gatorika ?

Insiguro n'iviyumviro

Umukobwa : Ku myaka cumi n'ine (13), uwo mukobwa yari kuba azi ivyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza na cane cane ingarukambi zo gukora imibonano mpuzabitsina ata gakingirizo. Nta numwe mubari bamuri hafi yakoze ico yategerezwa (abavyeyi, inakuru, ishure, umuhari wa gatoroka...) ari naco gituma uwo mwigeme atashoboye nawe kurera uwo yibarutse.

Umusore : Ntawoshoka amenya imigambi yari afise kuri kazoza kiwe, yashoboye kwemanga ko umwana aruwiwe, kandi yariko aritegura kumwakira, ariko ico mwomenya nuko : gusambanya umwigeme w'imyaka 14 ari icaha kandi gutwara inda ku myaka nkiyo bishobora gushira ubuzima bw'umukobwa n'umwana mu kaga kuko kuri iyo myaka umubiri w'umwigeme utaba uragera kwitegurira ibihe vy'imbanyi.

Umugenzi w'umwigeme : Iyo umuntu yibiye akabanga mugenziwe ku kintu gikomeye nk'ico, yategerezwa kumuhanura kuja kwipimisha no kubibwira abavyeyi mu maguru masha kuko bituma umukobwa n'umuryango wiwe bafata ingingo zihuta mu gukurikiranira hafi ivy'iyi mbanyi no gushengeza uwayimuteye hatararengerana. Inyifato y'uwo mukobwa irerekana ko nawene atarazi ingarukambi zishobora kuba kurwo mukobwa.

Inakuru, abavyeyi : Kirazira kandi kikaziririzwa gusiga umwana w'umwigeme wenyene ari kumwe n'umugabo akuze !!! Inakuru na nyina w'umukobwa bari bafise uruhara rwo kumuha inyigisho no kumukingira ariko ntavyo bakoze..... ku kutamenya ? ku rwangara ?

Mukibano : Gushinyagurira umwana muto w'imyaka 14 mu bihe nk'ivyo atigeze aronka inyigisho zo tuma yirinda ako kabi bisa no kubiba ku rutare. Yarakiri igitambambuga c'ikintazi ku ngaruka z'ibijanye n'imibonano mpuzabitsina. Umuhari wegamiye idini rya gatorika : uwo muhari yararimwo ntaco bamufashije kandi ariho yabarizwa iyo atagiye kw'ishure, bari kuba baramuhaye inyigisho zihagije kugira ashobore kwirinda ivyamushikiye : yari kwigishwa ko kizira kugendana n'umuhungu mu bihuru (mu gahinga), kumenya gutabaza no guhakana iyo bikenewe no kumenya ingaruka z'imibonano mpuzabitsina idakingiye. Inyifato y'abenegihugu irumvikana : umuhari ntiwigishije ibikenewe kugira umukobwa yikingire ibintu nka mwenivyo vyamushikiye.

Intahe ya Claudine S. : « URAZI KO IMIBIRI ARI NK'ISUMAKU IMIBIRI YARATUGOYE »

Imyaka afise ubu : 19


Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wa mbere : 17

Ibihe bikurubikuru vyankozeko mu buzima ni igihe natwara imbanyi ntifuje, vyabaye mbere nk'igisita, ntawajwe inda n'umuhungu twakundana yaba hepfo y'iwacu.

Twagize imibonano mpuzabitsina mu kw'umunani kwa 2014, twari tumaranye amezi indwi tugendana. Urumva yaraje kunda-ba muhira aza anzaniye utuganuke (i kado). Atashe naramuherekeje hanyuma uraziko imibiri ari nk'isumaku irakwegakwegana vyarashitse duca turakora imibonano mpuzabitsina, twabikoreye mwi'shamba. Hamwe novu-ga ko yamfashe ku nguvu noba mbeshe kuko twabikoze tuvumvikanye. Duhejeje kubikora naciye ntaha muhira ariko sinarinzi ko kugira imibonano mpuzabitsina rimwe gusa hashobora kuba inkurikizi mbi. Haciye nk'ukwezi numvise ntakimukunda nca damuheba, nca ndamusubiza utuganuke twose yari yarampaye (kado) (ikambambiri n'amavuta yo kwisiga). Naciye ntangura kugendana n'uwundi muhungu mugabo sinarinziko natwaye inda yuwo nahevyeye. Haheze amezi ane naciye ntangura kwumva ata kayabagu mfise ndahura ibiribwa bimwe bimwe nk'ibiharage. Naciye nja kwa muganga kwipimisha baca barambwira ko mfise inda kandi imaze amezi atandatu. Naciye menyesha uwo muhungu twahora dukundana ko mfise inda yiwe ariko yaciye yihakana kuko yabona ko namuhevyeye nsingaye ndikumwe n'uwundi. Sinashobora kandi kuja kuri uwo wundi kubimubwira ko mfise inda ntivyakunda kuko wewe ntitwari bwaryamane na rimwe. Naciye rero nawe ndamusubiza ivyo yari yarampaye : iterefone ya mirongo itatu na bitanu, amasabuni, amavuta yo kwisiga n'ibirato. Umuntu w'umwizigirwa nashoboye kubwira ko mfise imbanyi ni mukuru wanjye. Yarambajije ko mfise imbanyi ambwira ngo yavyumvise kubandi ngo kandi nawene arabibona ngo kuko harya abantu bakuze biraborohera kubona umukobwa afise inda naho borabisha ijisho. Abimbajije naciye ndabihakana nkamubwira ko nabirirwa barabikora ata mbanyi batwara kiretse jewe nabikoze rimwe gusa.

Ariko mu nyuma naratevye ndabimubwira kuko narinziko azombikira akabanga. Kuva ico gihe uwo mukuru wanjye niwe nabwira ivyerekeye amagara yanjye. Niwe wenyene numva nizigiye kandi mvugishije ukuri ntiyigeze amfata nabi. Yarampanuye kudasubira kugira ibikorwa biruhisha ko ariwe azohora abikora. Yaranyitwararitse bikwiye akamfasha mudukorwa twose.

Mama yamenye ko mfise imbanyi atevye, hasigaye nk'indwi ngo ivuke. Nahone sije nabimubwiye, vyaturutse ku mpuzu yabonye z'umwana nari naraguze hamwe n'umusegetera bari barampaye kwa muganga ngiye gupimisha imbanyi. Ntashye yaciye ambaza ngo : « Nivy'ukuri ko ufise inda, babivuga nkaguharirira! Naciye ndavyemera ndamubwira ko vyanshikiye akandi atakundi nobigira.



Nagiye kwa muganga gupimisha imbanyi rimwe gusa nasubiyeyo ngiye kwibaruka kw'ivuriro i Buziracanda. Najanye na mama kwibaruka kuko abimenye ko mfise inda vyaramwanse mu nda mugabo bukeye vyari vyaheze yabibona nk'ibisanzwe, hama inda imfashe ndamubwira mama aramperekeza kw'ivuriro, navyaye neza.

Mama yakiriye neza umwana navyaye kubera muhira atabana benshi bari bahari, tuvukana turi 2 gusa, mugabo yaransavye ashimitse ko nokwihangana kugira sinzosubire gutwara iyindi nda. Ntiyigeze antuka yanyakiriye neza mvuye kwa muganga kwibaruka. Jewe ntamuntu yigeze ankan-da n'amazi ashusha canke antubikire n'igitenge n'ukuri kuko naribarukiye kwa muganga ndataha ntavyobangiriye.

Abo mu muryango bavuga ngo araduhombeje ngo bokwisomeye agacupa umunsi w'ubugeni bwanje none ngo ko navyaye ntibigikunze.

Abo ku mutumba iwacu nabo bamwe bavuga ngo arakabona avyaye ngo nakare ntabana bari bahari iwabo ngo twagira dusige mama wenyene, abandi nabo ngo ndabahombeje ntibazosoma. Uwo se w'umwana yaramwihakanye kubera abavyeyi biwe bamubwira ngo : « Ntukwege ukwe-gera ngaha utarubaka inzu yawe.. » Naho vyaruko yaraguriye umwana iswime y'ibihumbi bitanu. Ubu nta kintu na kimwe afasha umwana kuko ambwira ngo muko yompa ibintu ivy'umwana ngo ni uko nobanza nkemera tukaryamana. Ubu icakora n'umuboyi ngaha i Buziracanda.

Kuba umwigeme yibarukiye muhira biratera ingorane kuko nkubu urashobora kuba ur'umuko-bwa kare na kare vyose muhira bahora bakumenya ariko umaze kwibaruka ugasigara wimenya ukazotangura ugakena n'agahuzu wambara. Iyo ufise umwana uca wiyumvira ingene uzoronka ikizobeshaho umwana. Umaze kuba ufise umwana no kukiraka ntawuguhamagara ngo urya ariza umwana kangahe aguma yicara ntakiraka twomuha. Ukaja ngaho nayagasabuni ukayabura. Nkubu jewe nije nimenya muri vyose kugira ndonke impuzu z'umwana nivyo afungura utabironse n'um-wana yogwara kwashi. Mu buzima bwanje maze gukurikirana inyigisho mw'ishirahamwe SENGE ico nungutse n'ingene wirinda gutwara imbanyi utifuje mu kwihangana mu gukoresha agakingirizo canke ubundi buryo bwose bwo gukinga imbanyi batanga kwa muganga. Twarize kandi ko twok-wirinda kugira imigenderanire n'abahungu batugendera bakaza baduhendesha utuntu, ukibwira ngo baradukunda bigashika naho twemera ko duhuza ibitsina.

Nohanura urunganwe rwanje ko bokwitonda kugira ntibazoshikirwe n'ivyanshikiye canke bikin-gire. Hariho abakobwa babiri bamaze kuza kumbaza kuvyerekeye guhuza ibitsina. Narabahanuye ko bokwirinda kugira imibonano mpuzabitsina mu kwihangana kuko bitagenze uko barashobora canke bakandura ingwara zica mu bihimba vy'irondoka. Ndabasigurira ko abahungu babasaba ngo baryamane bazobatera ingorane kuko ntibaheza ngo bemere kubatwara ngo bubakane. Ndabab-wira ko iyo bamaze kuvyara bakiri abanyeshure batazi no kurima, ko bavyaye ubuzima bwabo buca buhinduka bukaba bubi kandi vy'ukuri ndabona ko banyumviriza. Twarigishije kandi abanyeshure ivyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza.

Inyigisho dukura muri icyo ntahe : Ibiganiro birashobora kwerekeza ku-
menya amakuru no guhitamwo, kandi ko guhitamwo kuraba n’abahungu
kubera nabone kutamenya bituma batarangura neza ibanga ryo kuba se
w’umwana haba mu vyo akeneye bimubeshaho, kumuremesha canke ku-
mufasha kubaho mu kibano.

**Ikiganiro kirashobora kuyoborwa mu kubaza ibibazo muri uru
rukurikirane :** Mwibaza iki ku ruhara rwa mukuru we ? Hoba harico yari
gukora imbere yuko murumunawe atwara imbanyu ? Mwibaza iki k’uvyuko
muhungu ? Ingene umuryango wiwe wavyifashemwo ?

Insiguro n’ivyiyumviro

Umwigeme : Ku myaka 17, ntiyari bwamenye ko gukora imibonano mpuzabit-
sina rimwe gusa bishobora kuvamwo imbanyu. Biraboneka neza ko yabuze
ingene aronka amakuru yerekeye irondoka rijanye n’amagara meza.

Umugabo : Twisunze icyo umukobwa yavuze, ntivyakunze ko atwara umwana
iwabo kuko atari bwubake inzu yiwe. Noneho bisanzwe bizwi ko kubeshaho
umwana biraba nyina wiwe nk’ingaruka zo kuba yaremeye guhuza ibitsina. Mu
ntahe y’uwo mukobwa biraboneka neza ko uwo muhungu agarukiriza gufasha
umwana wiwe mu gutanga ibirezo gusa nkuko bisanzwe bimenyerewe mu
mico y’ikirundi na cane cane mu gihugu hagati aho uruhara rwa se w’umwa-
na rugarukira mu kurondera ibibatunga. Ariko kuvyerekeye abana bavyawe
hanze, urwo ruhara rugarukira aho kandi ntakundi yobigenza. Muri mwene
icyo bihe, naho se w’umwana yoba avyifuzaga (kwemera umwana, ku mwitaho,
ku murera, ...), intambamyi ziba nyinshi cane.

Mukuru w’umukobwa : Iyo umuntu akwibye akabanga mu bihe nk’icyo,
bisaba ko umuhanura kuja kwa muganaga no kubibwira abavyeyi kuko bitu-
ma umuryango ufata ingingo vyihuta mu gukurukiranira hafi icyo mbanyu no
gukurikirana uwamuteye icyo mbanyu kubabijejwe imbere y’amategeko.

Abavyeyi b’umuhungu : Abana banyu b’abahungu mwobaha impanuro zo
kwirinda kugira imibonano mpuzabitsina idakingiye kuko hashobora kuvamwo
imbanyu kandi nabo bakiri bato badashobora gufasha mu gutunga ikibondo.
Vyashitse naho umuhungu wawe agatwaza inda umukobwa, mwoshigikira
uwuhungu wanyu kugira ntatererana uburezi uwo mukobwa wenyene kuko
uruhara rwa se w’umwana ruguma ari ntangere.

Mukibano : Gutwara inda akiri muto ntibisigura ko atazokwubaka urwiwe hageze, kumushigikira no kumuhanura bishobora kuvamwo inzira nziza y'uko atazosubira kugwa mu makosa ubugira kandi, maze akazovamwo umunarugo abushitse, mukazotaha ubukwe bwiwe nkuko mwari mwaravyipfuye. Kumucira urubanza bituma yihebura akumva ata kintu azovamwo, ntazogire amahirwa yo guhitamwo neza uwo bubakana ngo ashinge urugo.

Intahe ya Elisabeth : « DATA YARATUKA MAMA NGO NTIYAREZE »

Imyaka afise ubu : 21

Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wa mbere : 17

Ibihe bikurubikuru vyankozeko mu buzima bwanje, ni igihe natwara imbanyi. Ukuntu vyagenze, jewe niga muwa gatandatu, igihe natangura gukundana n'umuhungu, twiga hamwe. Twese twari mu wa gatandatu, yiga muri A nanje niga muri B. Iyo hageze amasaha yo gukina twaca tuja ku gasoko kari hafi akan-gurira ivoka canke icayi n'umukate tugafungura, duhejeje tugasubira mw'ishure. Dutashe twaca hamwe tukagenda turaganira akaguma ambwira ngo amashure naho utoyaheza ntanakimwe ngo ubuzima bw'umukobwa n'umugabo, ngo naho ntobandanya kwiga ngo ndonse umugabo yoshobora kuntunga ubuzima bwanje bwose. Namwishuye ko vyoba vyiza mbandanije ishure. Yaciye agerageza kunyumvisha ko hariho abantu benshi batize kandi ngo nabone barabaho. Yaragerageje kunyumvisha ko twogira imibonano mpuzabitsina ko ankunda cane kandi ko tuzokwubakana.



Niho rero tumaranye amezi atatu dukundana twahavuye tugira imibonano mpuzabitsina, ico gihe twari mu bu-ruhuko. ikintu citwa guhuza ibitsina ntaco narinzi nahora ndavyumva kubandi. Uwo muhungu yarampendahenze ngo arankunda ngo turyamane ngo ko azontwara.

« Yambwiye » ngo urazahano ndakubwire umuntu yakuntumyeke, nshitseho nsanga uwo nyoku-ru wiwe yabako yamanutse Ibujumbura kuramutsa umukobwa wiwe. Nshitse yarampaye karibu nsanga mbere yashize kumeza turafungura. Duhejeje gufungura nca ndamusaba ngo ambwire bwa butumwa yaramfitiye kugira ntahe. Aca ambwira ngo none turikumwe harico ? niho twaca tubikora twari twenyene mu nzu duhejeje nca ndataha. Haheze imisi mikeya ntangura kubona ukuntu nahora nja mu maraso sinsubiye kujayo, niho rero naca nja kwa muganga nibwira ngo nje kuraba ko nasamyeye canke atarivyo, mugabo ngira ndahashike biranyanka nca ndasubira inyuma ntashitseyo. Amashure atanguye mukw'icenda, naratonze mugabo naciye mpeba kuko naciye ngwaragurika.

Amaze kubona ko ntagitonda kw'ishure yaciye atuma umugenzi wiwe ngo aze kumbaza igituma ntakigenda kw'ishure. Uwo mugenzi naciye, ndamubwira ko ngwaye, abimushikije na we aca araza kunyirabira. Naramubwiye ingene merewe ko mfise agaseseme kandi ko ibiharage ntashaka kwum-va naho babitetse. Yaciye ambwira ko vyoba vyiza ngiyeye kwa muganga nkaraba kwatari malaria ndamukundira ndagenda kw'ivuriro. Baciye bapima baca bambwira ko ata malariya mfise ahubwo mfise imbanyi. Babimbwiye narababaye, mvuyeyo nomw'ijoro haraheze imisi ntasinzira ndumva umengo ubuzima burahagaze, ndumva umengo ndi mu gitigiri c'abantu bapfuye. Haheze indwi, wa muhungu naciye ndamubwira nawe ko basanze atari malaria mfise imbanyi, acambwira ngo none harico ? ngo none umbona ngo hari ingorane uzogira ? Hama yaca aguma ambwira ngo nzogut-wara ntanakimwe. Je ngeze kuja kubipimo, nagiye kw'ivuriro ryo mw'ikomine uwo muhungu yabam-wo kugira nce nca kumuraba iwabo kuko yaba muri iyo komine nyene. Naramwiganiye ko numva nguma ngwara acambwira ngo ntangorane, ntakizohinduka nzogutwara ntanakimwe ariko rero ntiyahavuye antwara. Yabandanije yiga ariko haheze amezi atatu mpevyeye nawe yaciye aheba.

Maze kumenya ko mfise imbanyi nta numwe nabibwiye. Haheze amezi abiri naciye ndabibwira umukobwa w'umugenzi wanjw wo mu kibano w'umwirimizi. Yarambajije igituma nemeye gukora imibonano mpuzabitisa nca ndamubwira ko ntarinzi ko bizogenda uko vyagenze.

Muhira ntavyo navuze kuko mama arakaze cane, nabimubwiye haheze indwi zibiri mvuye kwa muganga aho naho nasanze imaze amezi abiri. Ndabimubwiye yarantutse ngo dukwiye kuguca mu bana ngo uratumaramaje, ngo kuvyarira iwanyu uri umukobwa ngo uba utukishije urugo. Yarankariye cane ambwira ngo warabaye ikijuru wagize ibintu bitabaho ngo uwo muhungu yaraguhenze. Mama na wene yaratevye kubibwira papa yabimenye yaratevye kuko mama yaratinze kubivuga, kuko uri umukenyezi nka so wawe aca ashwanira umugore wiwe ngo ntiyareze. Yaratinye kandi kuko yavugaga ngo abimenye sinosubira kurara mu nzu. Papa, amaze kubimenya we ntaco yigeze avugisha gusa yaratuka mama ngo nta ndero yatanze.

Narapimishije imbanyi ku matariki yose abaganga banyandikiye gushika nibaruke kandi nibarukiye kwa muganga. Ntashye nshitse muhira maman yarantubikiye n'igikwemu. Maze kwibaruka narabuze ico nambika umwana naje ndabura ico nambara, kuko nta gitenge narimfise kuko kw'ishure nambara ijipo. Nkiri umunyeshure nararonka amahera nkagura kotese mugabo maze kwibaruka ndabura, nakoresha agatambara nahawe n'umugore w'umubanyi. Mama yarampaye agatenge kaheze ko gukenyera.

Maze kwibaruka, wa muhungu twakundana ntiyasubiye nukumenya. Ubu aca amafaranga y'ikiboyi um gisagara i Bujumbura. Nanje ubu ndi kumwe n'umwana turabana kwa papa na mama kandi nd'umurimi. Ndajya kurimira abantu bakampemba nkagurira umwana impuzu n'isabuni kandi umwana mw'i Komine aranditse kw'izina ryanje.

Inyuma y'inyigisho twahawe muri senge baratubwiye tuzoje kubandikisha naramwandikishije. Iwabo n'umuhungu barabimenye, baraziko umwana amufise mu gahinga mugabo ubwambere yavugaga ngo ntazota amashure ngo nabe araguma iwabo nzoja kumutora niyakura, ngo bishitse nkamutwara ntanukimwe, mugabo yaciye yigira i Bujumbura guca amahera ntiyabaye akintwara, mbere naciye mbona umuhungu amaze kukuvyarako umengo ntaco mupfana.

Abiwabo b'uwo muhungu barazi ko mfise umwana. Bavugaga ngo aracari mw'ishure ngo azotora umwana niyakura kandi ngo yaravuze ko azontwara ariko ntiyubahirije amasezerano kuko yaciye aja i Bujumbura kurondera akazi. Jewe ntamigenderanire dufitaniye nvyo ari Bujumbura ntubonana, gusa mpora numva abandi bo kumutumba bakora iyo Ibujumbura bambwira ngo ahora abaza k'umwana akomeye, mugabo ntaco amurungikira ntanuko tuvugana. Niyo aduze aja iwabo gusa, nahone navyumvanye umubanyi wiwe, kuko iwabo n'iwacu n'urugendo runini sinomubona yaje.

Ubu naho papa wiwe yoza kumutora ndumva ntomumuha nvyo ari umukobwa biroroshe iyaba umuhungu kubera ibintu vy'ugutorana nopfa kumutanga. Nta nico yamfashije yamuguriye iswime gusa nta n'impuzu amugurira. Jewe kugira nsame imbanyi sinafashwe ku nguvu wari umwumvikano, yarambwiye ngo we nzogutwara naho tworyamana ntaco bitwaye Narabonye ko iyo umuhungu amaze kugutwaza inda muca muhebana. Abo mu muryango bavugaga ngo abigeme b'ubu bakwiye kuza barareka guhendwa n'abahungu, ngo kuko iyo umuhungu amaze kugutwaza inda ntaba akigutwaye. Bavugaga ngo abakobwa barakwiye kuza barigenza neza.

Ababanyi banje naho batamufasha baramufata neza.

Ku mutumba bavuga ngo natwaye imbanyi kukutamenya ngo sinarinzi inkurikizi zo gukora imibonano mpuzabitsina, ahubwo bari bafise ubwoba bavuga ngo ntawuziko azoyivyara kubera narinkiri muto gose.

Abagenzi banje barashavuye ngo narabamaramaje, ariko haraho bisubirako bakavuga ngo mugabo shetani ikora kwinshi. Ndababwira ko naje ivyanshikiye nicuza kandi ko ivyanshikiye bitazosubira.

Nohanura abakobwa bagize ingorane nkizo nagize ko bokwihangana kugira ntibazosubire gutwara imbanyi batifuje.

Kuba umwigeme yibarukiye iwabo ingorane nuko bakubona nabi umengo wataye ibanga mu bandi bakobwa, inkurikizi imwe nuko hariho ukuntu iyo uvyariye iwanyu barashobora n'ukukwirukana iwanyu ngo jana kwa se uwo mwana kuko uratumaramaje, muri ico gihe benshi barasaba indaro, nk'akarorero benshi baca baja gusaba indaro k'uwundi musozi, hama uwuguhaye indaro ukaza uramurimira naw'akaguha rasiyo n'agasabuni.

Icahinduye ubuzima bwanje nshitse muri senge, narahamenyeye ivyo ntarinzi, ndabona ko ivyabaye vyose vyabaye kukutamenya. Ubwambere twaravugaga ingene vyagenze tukavugaga iyo vyahe-reye kugira dusame imbanyi. Baratubwiye kw'ivyo abahungu baza baraduha ko natwe dushobora kuvyironderera n'amaboko y'iwacu, bakareka kuza barabiduhendesha.

Kubera inyigisho twahawe ubu turaziko umuhungu mutera inkuru, atanguye kukumvisha ivyo guhuza ibitsina ko arivyo vyerekana ko umukunda, ubu ndamubwira ko niba abishaka uko, ni guca hose tukaragana biciye mu mategeko. Abatari mw'ishirahamwe SENGE baravugaga ko inyigisho tujamwo zifise akamaro, kuko hariho abahinduye ingeso mbi z'ubusambanyi. Abandi nabo batari mw'ishirahamwe SENGE turababwira inyigisho twahawe nko ku mitumba no ku mashure matomato nayisumbuye. Kubera inyigisho duhabwa mw'ishirahamwe ry'abavyariye iwabo SENGE, nandikishije umwana wanjye muri komine. Baradusiguriye ingene vyose bigenda kugira wandikishe umwana. Kare umwana wanjye yarakunda kugwaragurika nka malariya n'ugucibwamwo mugabo ubu tumaze kwigishwa ivy'isuku ku mwana na nyina mw'ishirahamwe ubu ntakigwara.

Inyigisho twokura muri iyo ntahe : Ibiganiro birashobora kwerekeza k'uruhara rwa se na nyina w'umwigeme. Nyina w'umukobwa yaratevye kwitwararika kuraba ko umwana wiwe yarazi ingene akwiye yo gushobora kwikingira gusama imbanyi atifuje. Se w'umukobwa nawe yagumye yibaza ko nyina w'umukobwa yareze umwana wiwe bikwiye, ariko ntaco bigeze babivuganako n'umukenyenzi wiwe. Muri icyo nkuru, bese bibaza ko umwe wese akora icyo ategerezwa ariko nta kiganiro cabaye hagati y'abavyeyi vyega kugira bamenye ko umwe wese akora icyo ajejwe.

Ibiganiro birashobora kuyoborwa mu kubaza ibibazo muri uru rukurikirane : N'igiki mwibaza ku ruhara rwa nyina wiwe ? Hoba hari icari gukorwa imbere yuko uwo mukobwa atwara imbanyi atifuje ? Mw'ibaza iki kuri se w'umukobwa ? Ku nyifato y'abagenzi we ? Kuyo mu kibano ?

Insiguro n'iviyumviro

Umwigeme : Ku myaka 17, ntiyarazi ko kugira imibonano mpuzabitsina rimwe gusa bishobora kuvamwo imbanyi. Biragaragara neza ko habaye kutamenya neza ivyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza. Bose, haba nyina, abagenzi biwe, abo mukibano na se wiwe bibaza ko uwo mwigeme yarafise amakuru ahagije kugira ntiyemere guryoshashoshwa nivyo umuhungu amwemerera, ariko nta numwe yabikurikiranye neza.

Abavyeyi: Se w'umukobwa yibaza ko nyina wiwe yamuteguye bihagije kugira ntazohure n'ingarukambi zo guhuza ibitsina, nyina nawe yibaza ko umukobwa yahenzwe. Vyogenda gute ngo habe umwumvikano hagati y'abavyeyi w'ukun- gene borerana bana babo ? Vyogenda gute ngo abavyeyi bemere kuganira n'abana babo ivyerekeye ingarukambi zo guhuza ibitsina ?

Umusore : Abantu bose biyumvira ko uwo musore azokwemera umwana aka- mufasha, ariko uwo musore umengo ntavyo anezwe kandi umwana amaze guk- wiza imyaka ine ... Bifatira mu kubona ko umuhungu yabeshe umukobwa ngo azomutwara, ariko none umusore w'imyaka 17 yoba yarazi neza ingarukambi zo gukora imibonano mpuzabitsina batikingiye ? Yoba yarazi ico kwubaka bisigura ? Yitwaje ko kwemera kuzomutwara bimuha uburenganzira bwo guhuza ibitsina nawe ariko impera n'imperuka inyuma y'imyaka ine, nubw umengo yarahunze ibintu bisa nivyamurengeye. Hoba harakozwe iki kugira bimukingire ukokwiyum- vira ibitarivyo ?

Mu kibano n'abagenzi : Ses amies et l'entourage considéraient que la fille les a deshonorés et la tenaient responsable de ce qui lui est arrivé. Ses amies auraient pu contribuer à une éducation par les paires pour échanger des in- formations sur l'éducation sexuelle complète (savoir qu'un seul rapport sexuel peut suffire pour tomber enceinte).

Ishure : Ryari kuba ryaranguye ibwirizwa ry'uburezi bukwiye muguha inyigisho abanyeshuri zerekeye irondoka rijanye n'amagara meza. Ryari kuba kandi ryarashigikiye abavyeyi mukubatera intege kugira uwo mwigeme asubire mw'ishure amaze kwibaruka bisunze ko n'amategako y'ubshikiranganji bw'in- dero avyemera.

Intahe ya Emmanuelique : « YANKOREYE IVYA MFURA MBI NGO YIHORE ABANTU BOKU MUTUMBA »

Imyaka afise ubu : 23

Imyaka yari afise acibaruka umwana wa mbere : 14

Ibihe bikurubikuru vyankozeko mu buzima bwanje ni iguhe nafatwa ku nguvu n'umuhungu akaba yari umukozi w'umubanyi. Vyaranteye igikomere gushika aho numva ko ubu zina muhungu aho ari ndamutinya. Uwo mukozi yama ariko arahiga ngo ku musozi iwacu baramukoreye ikibi ngo kandi ntazogenda atihoye. Ico kibi yavuga ko bamukoreye, nuko hari abantu bari baramufungishije kubera umuntu yafashe ku nguvu aho yahora akora. Umunsi umwe rero aza muhira asanga ndi jenyene, abavyeyi nabo tuvukana bari bagiye ku rubanza. Aca asanga mu nzu ankura igitenge nari nambaye akimfunga mu maso.

Aho sinashobora no gukoma induru, yaciye amfata ku nguvu, nta n'uwari hafi ngo antabare, ahejeje aca aragenda. Yari yamboshe no mw'izosi akoresheje ca gitenge, haheze iminsi mbabara mu muhogo ntashobora no gufungura kiretse ibintu vyoroshe nk'ubuyi canke ibindi bifungurwa nk'irengarenga, canke ibiraya bifyonze.

Haheze nk'amasaha atatu hacye haza umuntu w'umupfasoni w'umubanyi ari we inabuja wa wa muhungu yarahejeje kumfata ku nguvu, asanga aho ndi umwosori wandenze, arambwira ngo nihangane ntekane, ndamumbwire ingorane nagize. Naciye ndamubwira ko umukozi wiwe ahejeje kunkorera ivya mfura mbi, ko bishitse ejo nkatwara inda, canke hirya y'ejo nkapfa amenye ko nzoba nishwe n'uwo yazanye, kandi ko nawene n'abiwe bazobajana kubafunga bose. Wa mugore avyumvise aca ararira, duca turira twese. Mu nyuma naciye ndaba, ndata ubwenge tukirikumwe n'uwo mupfasoni, aca aratabaza umuntu w'umubanyi baranjana kwa muganga ni Moto. Nageze gutora ubwenge ndi kwa muganga. Maze gutora ubwenge, ndiko ndabwira umuganga ingene vyagenze, kubera ico gitenge yari yampfunze mu maso no mu muhogo, sinashobora gutaramura ururimi ngo mvuge, vyarangora cane, emwe wamenga yaje nk'uwunyica. Ndiko ndavyiganira muganga rero, amosozi yaca antanga hasi, n'ubu iyo ndavyibutse nca ndira (ararira). (Mbaza kurindira gato). Umuganga yambwiye bampimye umugera utera Sida kandi basanze atawo mfise, aca ambwira ariko ko niba vyahuriranye ndi mubihe vy'agasamo ko nokwihangana kuko birashobora gushika ko nsama. Jewe kubera ako kanya ntari meze neza nkuko nabikubwiye ko nari naravye, sinibuka ko hari umuti wo kunkingira gutwara imbanyi ntifuzaboba barampaye. Ico nibuka ni uko umuganga yaciye ambwira ngo nzogaruke nk'inyuma y'amezi abiri barabe ko noba narasamye inda. Wa muhungu yaciye atekera impuzu ziwe zose aragenda siho yaraye. Dushitse muhira tuvuye kwa Muganga twasanze abavyeyi banje bagarutse. Papa wanje ambonye yaciye arira, avuga ko abo babanyi bamuzaniye akaziri mu kuzana uwo mukozi, ko ariko yifuza ko norokora agatwe murivyo vyanshikiye.

Mama nawe yavuze ko wewe yaciye avuga ko atari iryambere abuze umwana, ko atakundi arinda kwakira ivyo vyashitse. Guhera ico gihe rero numva ntatekanye mu mutima, nkaguma mbabaye



kubera ivyanshikiye. Muhira rero baca batangura kuja kumvuza mu kirundi, ngo nuko babona mu nda ari hanini, bo ntibibaza ko noba naratwaye inda, bibaza ko noba ndrwaye ibihago. Abandi bantu tubana bakabwira Mama ko aguma anjana kumvuza mu kirundi, ko yonjana kwa muganga ko hoba hari naho mfise inda.

Nanje sinasubiye kuja mu butinyanka, nico cambwira ko nshobora kuba narayisamyeye. Haheze ya mezi abiri muganga yambwira ngo ndindire nca ndasubiraye kwipimisha nca nsanga ndafise imbanyi. Abimbwiye nca ndaturikisha ndarira, (ararira) ndavuga ngo mbe yemwe kwa kuntu mbayeho nabi muhira, ubu naho aho bumvira ko mfise inda, jewe ngirante ?

Igituma mvuga ko nari mbayeho nabi, nuko kuva kera ndi muto, umuvyeyi wiwanje Mama atambona neza nk'abandi bana, kuva nkiri muto. Yama avuga ko Papa wanjye ariye akunda kurusha abandi. Mama akidogera Papa ko hariho abana akunda gusumba abandi.

Papa yaravuze ico azoba ashoboye cose azokimfasha, kuko ivyanshikiye ntari navyifujye. Papa wanjye asanzwe ari umuntu magara make, ararwaye mu mutwe, ariko aho hose naho yarwara yaguma ankunda. Yarigeze no kurwara gose akagenda ahantu mu gahinga akagenda anjanye anteruye ku bitugu ndi umwana mutoyi. Ariko naho vyaruko ntiyari bwante mu gahinga, iminsi yose yama antahana muhira. N'ubu aracarwaye ariko ntakija mu gahinga aguma muhira.

Abandi bantu b'ababanyi twabana barabwira mama ngo arondere ibintu ampe kugira icyo nda ikorokere ngo kuko naramumaramaje. Jewe nababwira ko ntakeneye kwikwegera ngo nongere nabone ndabakwegera, ko nkoroye inda noba nikwegeye nkikwegera umuvumo imbere y'Imana. Hageze ko mvyara, senge na wa mugore w'umubanyi nibo bamperekeje kwa muganga kandi nibo bagumye bamfasha. Naho naheza kuvyara, uwo mugore niwe yankanze n'amazi ashushye. Yarankanda kabiri canke gatatu ku musi. Mbere yarantubikiye munda akoresheje igitenge.

Twebwe muhira tuvukana turi abakobwa batatu. Murabo tuvukana umwe niwe yamfasha umwana muri icyo gihe, akamunterurira canke akamuheka, kuko jewe nari muto kuburyo nuguheka umwana vyangora. Ariko uwundi mukuru wacu ntiyamukorako, ntiyashaka no kumubona yavugaga ngo ahubwo uwo mwana uwomwica. Kubera icyo nari mbayemwo, niyo ndiko ndafungura sinumva ko mfungura mfise akayabagu. Naho muhira banturubika sinigera nibaza ko nokwomoka ngo mwe muhira. Sinigeze kandi niyumvira kuniga umwana wanjye, navugaga nti ko Imana yamumpaye, niyo izomenya n'ikimubeshaho. Nk'ubu rero icyo bishitse hakagira umuhungu andondera, nca ntangura kwibaza, nti uwa mbere vyagenze ukuraho, none uwu nawe agire asubire ! Uwo muhungu nca ndamubwira rero, nti namba unkeneye urazoka muhira bakubone, jewe nta nzoga y'umuhungu nzogenda nywereye mu gahinga. Jewe ugutwara inda y'uwo mwana vyarankomerekeje cane mu buryo bwinshi. Jewe narashobora kugenda nko mu misa, ariko nkaca mbona ko abantu bose bariko baraba jewe. Umunsi umwe umugore twari twicaranye turi mu misa igituma nsa n'uwufise ubwoba, muga nacye ndamwishura ko ata bwoba mfise. Ngiheza kuvugaga aya majamba, nacye numva ikintu kije ku niga mu muhogo nca ndarira. Hama ako kanya nyene Patiri aca ararengana arambaza igituma ndiko ndarira. Mu kubimbaza yanjanye ahantu turi babiri ndamubwira ikibazo mfise hama aca ambwira ko nogaruka nzananywe n'umwana wanjye. Ndamujanye ku munsi yari yambwiye, amaze kumubona akabona nanje ingene nangana kuko nari muto, yacye arira, nanje nca ndarira. Hama Patiri yacye ambwira ko yomufasha bakamuha ubuyi, nanje nca ndamubwira ko ubuyi atabwo akunda, ahubwo bishobotse nashaka ko bomuha uduhuzi two kwambara, hama arabinyemerera, kandi aca arambwira ko niyagera kwiga azaza araza gutora amakaye, agafashwa nk'umwana atagira Se na Nyina. kandi ku mutima nkagira nti aha jewe ndatashe ntamubwiye icifuzo canje. Uwo mu Patiri amaze kuva aho hantu sinabayeho ngisubiraye. Ikindi kibazo nagize nuko icyo

turi mw'ishirahamwe, bitakunda ko nshobora kugira nk'ikibazo mbajije ndi mu bantu, kuko narumva ko noca ndira. Bakatubwira ngo duserure ivyiyumviro, ariko kuko twaba turi muri benshi jewe ntivyakunda kandi mfise ico novuga. Atari uwo mu patiri nta wundi nari bwabwire ivyanje. Ikindi cankozeko nuko wasanga iyo tugiye kwigisha nko mu mashure abandi bantu batubonye bakavuga ngo harya barya biga ngo baze basubire kuvyarira iwabo, ngo ziry a nyigisho bajamwo mw'ishirahamwe ni ukubaha impigi ngo bagume mu ngeso mbi.

Ivyo vyose nkavyiyumvira, bikambabaza, ariko nkabura uwo nshobora kubitura ngo nduhuke. Nkumva rero ko nk'ivyo ko ntoshobora kubishikiriza imbere y'abantu kuko numva umenga n'agahuzu karankorotseko. Hanyuma nkipfuz a yuko mwebwe mwoguma mudukurikirana, mudufasha mukuduha izi nyigisho, mukaduhanura, mukatubera aba senge bashitse nk'uko mwamye mubigira. Natwe kubitwerekeye tukabishiramwo uruhara, mukudasubira kugendera mu ngeso mbi.

Uwo muvyeyi wanj e ari we Mama nakubwiye ko tutabana neza muhira, niwe yabona nk'ubu ngiye nko mw'ishirahamwe, agatangura kumbaza ngo iryo shirahamwe yama abona njamwo iminsi yose ngo rimariye iki ? Naramwishura ko ishira hamwe SENGE rimfitiye akamaro kanini, kuko ryaranyubahuye, rimpa kuja mu bandi, ndasubira kubona ko ndi umuntu nk'abandi, mbere ndaja no muri chorale kare narabitinya. Nk'ubu Papa wanj e atashe nko mw'ijoro ashika abaza ko nafunguye. Mukuru wanj e aca aja hejuru akagazuka, ngo ego mama yariye, ngo kandi uwo uramukunda kurusha abandi, ngo ni kuki atawundi wobaza ko yariye. Nanje nkaguma nihoreye. Ikindi gihe akazana nk'inzoga muhira akaba arije ayihako jenyene, Mama agaca atangura kuvuga, ngo ariko inzoga na jewe utangurira, uyigurira umwana ! Papa akababwira ngo mbega aho ntamuha, si akamvuyemwo. Papa yarababwira ko bariko baranturubika kubera ingorane zanshikiye ko kandi bariko barantera igikomere.

Maman ubundi buryo yakoresha mu kunturubika, yarashobora kugurira impuzu abana tuvukana, ariko jewe ntangurire ngo kuko naramumaramaje mu gutwara inda y'ishushu. Naramubwira ngo arashaka areke kungurira ntangorane kuko naho ngeze ntiyarazi ko nohagera, ko Imana nsenaga ikomeye, izodutunga twe n'umwana wanj e. Sinigeze mbura ico nambara, nabona nambara nk'abandi. Nk'ubu nkiyo ntetse nkivyo kurya muhira, waza wumva mukuru wanj e, avuze ngo nta vyokurya natetse yorya ngo ndi igihumane. Hari igihe niger a kurwara Malariya, aho ari abo muhira bonyitayeho bakanyitwararika, wa mugore w'umubanyi yantwara kwa muganga niwe yamvuje. Niwe yandonderera amata y'umwana kuko ntasubiye kuronka amaberebere akwiye, arandonderera n'ivyamwa. Ugasanga abana b'ababanyi nibo baza gutora umwana wanj e bakamumpeker a. Ni ababanyi bamwe bamwe si bose, kuko hari abandi babona ko namenje, nkuko Mama n'uwo tuvukana babibona.

Abo mu muryango wanj e baramfashe nabi ku buryo batari bagikeneye nuko nja mu ngo zabo. Nk'ubu ngiye nko kurahura umucanwa, baca bambwira ngo ntuze hano ngo wodusemera umuryango, be n'inka. Nanje nabishura ko jewe ntasemana, kandi ko ata mwana asemana, ko burya Imana imuremye, avuka kurya abandi bavuka, narababwiye ko kuba narashikiwe nizo ngorane, ko atarije naziteye, ko atawe bishikira abishaka. Ariko kubera ivyo bambwira, sinasubira kuja iwabo naca nigumira muhira. Ubu rero aho tumariye kuja muri iryo shirahamwe SENGE ntibakinyinuba nka kera, uretse ko gusa bavuga ngo mw'ishirahamwe baja kuyora amahera, ngo kandi babaha impigi zo gusubira kuvyara.

Ku musozi iwacu jewe nta ngorane ndahabona, ahubwo bobo baratwegera, ari nk'uko muhuye akaguhana, akakubwira ko ivyagushikiye, ari ibisanzwe, bishikira bose. Ingorane hanini nazibonye muhira no mu muryango nk'uko nabikubwiye. Bamwe baranambwira ko bazoz a guhanura Mama ngo areke kunturubika, kugire abana bose ababone co kimwe kuko ni umuvyeyi wa twese, kubera izo ngorane nagize sije naziteye.

Se w'umwana nawe naherutse kumubona ico gihe amfata ku nguvu, sindigera nsubira kumukubita ijisho, numva ngo ari mu Kayanza kuko niho iwabo. Umwana iyambajije Se wiwe iyari ndamubwira ko yapfuye. Mama wanje niwe yiyandikishije kuri uwo mwana wanje. Kubijanye n'ibitunga uwo mwana nafashijwe na SENGE wanje, niwe yandonderera amata, ivyamwa (imihwi n'amatunda) n'umusururu nkamugaburira. SENGE be na wa mupfasoni yanjana kwa muganga nahohotewe nibo bambaye hafi, barambera abavyeyi, barandutiye na Mama yamvyaye. Uwo mupfasoni nyene niwe yangurira uduhuzu, agasabuni, akabwira umuhungu wiwe ari muri Somalia akandungikira igitenge, niwe kandi angurira amakaye umwana ajana kw'ishure. Iyo ntaronka abo bapfasoni ngo bamfashe, ntavyo nari gushobora. Abo bapfasoni bavuga ivyo vyose atari kuko kubera ubweruzi narimfise ari naco bemera kumfasha ivyo bashoboye vyose.

Mama wanje nawe abonye ndiko mfashwa n'abo hanze, yaca avuga ngo erega bariko bakumpera impigi kugire uze usubire kuvyara. Ngo jewe narakuretse ubanze ucumukure, ariko sinacumukuye kuko abo babanyi baguma bamba hafi. SENGE wanje ntakimfasha nk'uko yahora kuko ararwaye umutima. Jewe nk'uko nabikubwiye atari urya mu patiri yambajije ingorane mfise nkazimubwira, nta wundi muntu w'umwizigirwa nari bwaronke niganira ivyanshikiye. Ncumva yuko muzoya ngo tuganire, turi babiri atawundi yumva narahimbawe cane, ndavuga nti Imana iranyishuye.

Nk'ubu ndumva ko ibikomere biriko biragabanuka naho bishika bikagaruka. Jewe urya mupfasoni nakubwiye, naho yaranyitayeyo mu buryo bwose sinigera numva ko nomwugurukira nkamubwira ivyanje, na cane cane kuko nari nafashwe ku nguvu n'umukozi wiwe. Na SENGE wanje nuko nyene, narashobora kugenda ngo ngire ndamubwire nk'umutwaro mfise ku mutima nshitseyo bikanka ukuntu nomwugurukira ngo ndabimubwire.

Inkurikizi mbi ku bigeme bibarukiye iwabo ni nkizi :

Abantu baraguhura bakavuga ngo urya nta mugabo azosubira kuronka n'ikimenabanga. Hariho abandi badutahura n'abandi bavuga ngo ntawuvyara atabishaka. Abagenzi ntibasubira kuba abagenzi. Nka jewe abahora ari abagenzi ntawe twagumanye nabo mfise ubu ni bashasha.

Kubera kwikumira nkigunga hari abagenzi bambwira ngo narahahamutse kuba ntemera kuba mu bandi, kandi nk'uko babivuga, jewe numva ata bantu nshaka ko dusubira kugendana baba abakobwa canke abahungu. Numva umenga ndi ikimenabanga, naho ivyanshikiye ntabishaka. Abandi barakwomora iwanyu ukabura iyuja.

Kuba mw'ishirahamwe SENGE nahungukiye vyinshi narahugurukiye kuko kera narigunga nkaguma jenyene. Narahamenyeye kandi ubu ndahanura abandi. Hari abatahura ivyo tubahanuye hari abadatahura bakaguma bavuga ngo nitubahe aya mahera baduha muri SENGE. Baratwigisha kwihangana bidakunze ugakoresha agafuko canke ukaja kwa muganga bakaguha ubundi buryo bwo kwikingira gutwara inda utifuza. Umwigeme yashikiwe n'ikibazo nk'icanje nomubwira yihangane yigore arere umwana yavyaye, hama yihangane ntazasubire kuvyara. Hari abo duhora duhanura bakatwumviriza, n'abandi batwumviriza impanuro kandi abo kenshi na kenshi, baca basubira kuvyara.

Inyigisho twokura muri icyo ntahe : Ibiganiro birashobora kwerekeza ingene umwana akiri muto agafatwa ku nguvu yoremeshwa n'umwana wiwe agafashwa. Aha twosubiramwo ingene vyagiye biragenda tukaraba ibitakozwe ku ntambwe yose.

Ibiganiro birashobora kuyoborwa muri uru rukurikirane : Mwibaza iki kuruhara rwa nyina w'uwo mukobwa ? Kuruhara rwa mukuru we ? Harico bari kuba barakoze imbere yuko uwo mwigeme atwara imbanyu ? Mwibaza iki kuvyabaganga bakoze ? Baramufashije bikwiye koko ? Nta kindi bari kumukorera ? Mwibaza iki kuvyakozwe n'umupfasoni w'umubanyu na inasenge ? Ikibano ? Mwibaza iki kuri uwo muhungu yamutwaje inda ? Mwiyumvira iki kuri uwo mupatiri ?

Insiguro n'ivyumviro

Ababanyu : Boba baratohoje ivy'uwo muhungu imbere yo kumuha akazi ?

Umukobwa : Naho yarakiri muto, vyari kumugirira akamaro amenyeshejwe ubufasha yategerezwa kuronka kugira arengere ivyamushikiye, yari kuronka ubufasha bwo kwa muganga bukwiye, kuremeshwa ku mutima, mu kumwerekana ingene atunganirizwa imbere y'amategeko. Ariko kubera kutamenya uburunganzira bwiwe, ntiyigeze asaba gutunganirizwa. Aracakeneye umuntu yomwumviriza neza akongera akamuremesha.

Umuhungu : Yakoze amahano, gufata ku nguvu umwana w'umwigeme atarakwiza imyaka 15 biragoye kwihanganira, ariko yibereye mu mwidegemvyo. Iyo abavyeyi batitwariye uwahohoteye umwana, ikibano gitegerezwa kubikora. Mwibaza ko umuntu nkuyo akwiye kubaho mu mwidegemvyo ntakurikiranwe n'ubutungane maze ngo intahe ibakubite mu gahanga bahanwe hakurikijwe amategeko ?

Abavuzi : Kudaha umwana w'imyaka 14 yafashwe kunguvu uburyo bumubuza gusama imbanyu atufuje ni urwangara mukazi rwatumye uwo mukobwa amererwa nabi (imbanyu ku mwana atarakura). Kandi nta na hamwe tubona ko boba baramurungitse mu bindi bigo bifasha nka CDFC kugira bamuremeshe.

Umuryango : Naho yari afise abavyeyi beza, si vyiza gusiga umwana w'umukobwa wenyene muhira aho muntu akuzwe barikumwe yomutabara hagize ikiba, siyiza mugihe bazi ko yigeze gufatwa ku nguvu, biri mu nshingano z'abavyeyi kwitura inyamiramabi kugira ngo uyo mubisha afatwe abihanirwe.

Abavyeyi, abagenzi, ikibano : Uwo mwigeme yarasanzwe afashwe nabi bica birunyuka aho afatiwe kunguvu. Abashingantahe bo ku mutumba barihe kugira bahanure icokorwa. Kubera iki ibara nkiryo ritatumye abo kumutumba bahaguruka bose ngo bafashe uwo mukobwa bongere bamukingire ?

Patiri : Yarumvirije uwo mwigeme hanyuma ubwo nyene amuha ubufasha bw'imvamutima. Ariko bamwimuriye ahandi, ntiyashoboye kubandanya ivyo yari yariyemeje ngo abandanye afasha uwo mwana..

Inasenge n'umupfasoni w'umubanyi : Uretse patiri, ni abo bantu babiri bafashije uwo mukobwa. Nkuko nyina w'umukobwa yavyibaza, ubufasha bamuhaye ntibwatumye asubira gutwara iyindi mbanyi. Mbere birakwiye ko twokwibaza iyo abo bagore batamufasha, mbega uwo mwigeme yari kubaho ? Kudafashwa birashobora gutuma umuntu asubira gutwara imbanyi atifuje ?

Intahe ya Evelyne : « NTUZOSUBIRA KUMENYA MW'ISHURE WANSE KO TURYAMANA »

Imyaka afise ubu : 23

Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wambere : 16

Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wa kabiri : 19


Ibihe bikurubikuru vyankozeko mu buzima kuva nkivuka gushika ubu, hanini ni igihe natwara inda. Uko vyagenze aho natwara inda nuku : Jewe nari muw'umunani i Nyangunzu. Narimfise umwigisha yatwigisha Géographie kandi yari umubanyi. Ubwambere natanguye muw'indwi ifota nca ndanani irwa, nca nja kwiga i Nyangunzu aho yigisha ariwe ansabiye ishure. Narize uwo mwaka urahera, nca nja muw'umunani wa mwigisha acarabona ko natanguye gukura atangura kunyimenyereza akaza arantuma iwabo kuko yarapanze hafi y'ishure ntiyaba iwabo.

Yarandungikana ivyo njana iwabo kenshi uwundi musu ndabimutahanira nsanga nawe ari muhira yaje. Aho rero yaraziko atanumwe araho kuko ntawe nahasanze. Yaciye ampa karibu mu cumba arazana imfungurwa ndafungura arazana n'inzoga mw'isorori turanywa. Duhejeje yaciye ambwira ko hariho ikintu yampamagariye ko kandi akeneye inyishu. Yaciye ambwira ngo arakeneye ko tugira imibonano mpuzabitsina ngo kandi nanse sinzozosubira kumenya mw'ishure. Nasanze nemeye kandi ntanivy'ubukingirizo narinzi.

Sinoshinga intahe ko noba nayitwaye uwo musu kuko najayo kenshi, acaramenyereza kuko uwaronse inzira ntaba agitinya nanje naravyemera kubera gutinya. Mbere no mw'ishure yarangabaniriza ivyo niga, akanyereka ivyo niga sinigera ndonka amanota make mu cirwa ciwe. Sinamenye ryari natwaye inda kuko nama njayo ntakindi nabangiyeyo gukora twararyamana hanyuma biheze ngataha. Mu nyuma niho nabona ubuzima butanguye guhinduka, ntakija mu butinyanka mugabo sinigeze niyumvira ko mfise inda, nibaza ngo nigusiba.

Mu nyuma niho abantu batangura kuza baravuga ko mfise inda. Mama yambajije ko noba mfise inda ambwira ngo abantu barabivuga ngo kandi bavuga ko ariyo umwigisha anyigisha. Wa mwigisha nawe nimba yarabonye ko hari icahindutse, yaciye asaba akazi ku buganga mu Rutana kuko yatwigisha yiga nivy'ubuganga kuri kaminuza yo mu kibumbu. Agiye haciye nk'indwi nka zitu agiye, naciye mvyara.

Naguma mbona inda ivyimba nkibaza ngo ni inzoka, kuko sinibaza ko noba mfise inda kuko sinagwara sinigeze nja no kwamuganga. Navyaye ari ku wa mungu. Naravyutse ndarondera inrya ngo nje gusenga nzanumva ikintu kimfashe mu mugongo nguma mbabara nca nguma nryamye. Mama yaje ku mugoroba asanga ndaryamye nawene ngo yarazi ngo nirekwe. Ndagumaho gushika mu ma satanu z'ijoro niho namubwira ko ngwaye. Namubwiye ko ndiko ndaribwa imbere n'inyuma. Mama yaciye avuga ngo ya nda bavuga ngiyo igira ikumaramaze. Yaciye aja kumpamagarira



abantu. Kubera ko yari yamfashe kera basanze naremvyeye. Muri abo bantu yahamagaye harimwo umwakirizi candatombora ndamuvyarira muhira.

Mama niwe yimenye kuri vyose, aragura impuzu z'umwana, iswime n'igitenge canje., Se w'umwana naramuterefonye ndamubwira ko navyaye acambwira ngo ekaa ntanda yanje watwaye uramenya iyushira.

Muhira baciye batangura kumfata nabi isabuni yaho sinakorako narimenya vyose, bakambwira ngo nindayigurire. Aciye ntangura kuza ndaca amahera y'isuka nkaronka ay'agasabuni, ay'agahuzu ku mwana n'agahuzu kanje,

Umwana naramwandikishije mwi Komine yanditswe kuri jewe kuko narakenere urupapuro kugira ndamuvuze. Umwana naramureze arakura ubu akwije imyaka ibiri. Naramujanye no ku ncanco zose.

Ubu uwo mugabo twavyaranye yaragize ubugenzi n'uwundi mukobwa iyari mu Rutana. Umwana araho nta kintu na kimwe se yamufashije ntazi ngo abayeho gute. Ntanamuzi ubu ariko aragera kuja kw'ishure, mu kw'icenda nzomutanguza.

Umwana afise imyaka ibiri n'igice nariyumviriye gusubira kw'ishure. Naragiye muri DCE ndaka urupapuro ndasubiraye.

Nize umwanya mutoya. Haciye imisi naratanguye ishure i fota kuko niho naciye nja kwiga.

Naragiye ahantu mw'i butike gusharira telefone nca nsanga ni k'umuhungu twiga hamwe kera ntaratwara inda. Wewe yiga muw'indwi nanje muw'umunani i Nyangunzu. Twari abagenzi bisanzwe, twaratahana tuvuye kw'ishure. Hariho igihe ukunda umuntu ntubimubwire kuko jewe twaramana ntihagire icambwira, twaratera inkuru hama agataha iwabo i Murambo.

Yaciye ashariya ya terefone yanje hanyuma munyuma ndaja kuyitora ndataha. Nshitse muhira mw'ijoro wa muhungu yaranterefonye ambwira ko yaravye numero yanje muri terefone. Yaciye ambwira ngo dimanche mvuye mu misa nzogende afise ikintu azombwira. Mvuye mumisa naragiye acambwira ngo tujane i Buziracanda hari ikintu ambwira. Naramubwiye ko ndi mu bibazo ngira nje kwiga ata myanya mfise. Yaciye ambwira ngo ntakundi ngo nzogaruke ninaronka umwanya.

Mu nyuma zaho yagumye anyandikira ansaba ko twokundana nkuko vyahora ngo naho vyashitse nkavyara twokundana ntaco. Naramubwiye ko yorindira ibibazo bigahera, twariko turakora ivy'igice ca mbere. Yaciye ambwira ko yifuza kuntwara, ko nova mw'ishure. Amaze kumbwira uko naciye ndaba ingene muhira ata mahera y'ishure bantangira, ata n'amakaye bangurira. Kugira ndabironke narakora mu buruhuko nkaca ay'isuka. Ivyo vyose naravyiyumviriye nca ndemera guheba ishure turakundana nuwo muhungu. Haciye imisi dukundanye, umunsi umwe yarampamagaye ngo ngenze icambarira. Kubera narinzi ko dukundana kandi tuzogira ubugenzi ncandagenda. Nshitseyo nasanze yanyoye inzoga yaborewe. Yaciye ambwira ngo aragwaye ngo kandi vy'ukuri naramaze kuba uwiwe tuzokubakana. Naramwisavye ndamubwira ko muhira bambwiye ko nsubiye gutwara inda nzoyitwarira mw'ikanivo. Yarampendahenze ariko ndanka muga acamfata ku nguvu kuko yaransumvya n'inguvu. Nariyumviriye gukoma induru nca nibaza ngo abantu bamaze imisi babona tugendana ntibovyemera ko twoba tutavyumvikanye nigirishije.

Mu nyuma inzoga zamuvuyeko naramubwiye ko naho twabikoze tutari twabiteguye. Narongoyeko kandi ko nari mu gihe c'agasamo ikizoba cose azokwimenye. Yaciye ambwira ngo ndindire ukwezi guhere bitaje azoce yitegurira kurera umwana. Kumwe nakabivuga niko vyagenze kuko narinzi

imisi y'agasamo yanje kuko yabigize itariki 10 nja mu kwezi itariki 12. Ukwezi guheze ntabonye amaraso naciye ndabimubwira aca ambwira ngo s'ikimuga azorera umwana.

Ya mbanyi imaze amezi abiri n'igice yaciye ambwira ngo tugende kwa muganga hama dusanze arivyo yandike urupapuro njane muhira canke mpamagare abiwanyu ndabibamenyeshe kugira ntibaze bamfate nabi. Kwa muganga baremeje ko mfise inda. Tuvuyeyo yaciye atumako musazan-je na mama acazana na se wiwe aca arandika urupapuro rwemezako azofasha umwana kandi ari rwiwe. Kuri iyo nda ya kabiri ntibantutse nko ku yambere kuko babona kwazontwara. Yaciye arondera uwasiga muriya boutique acaja iwabo kwubaka inzu. Se wiwe yarashaka ko twubakana mugabo mama wiwe yaravyanse amubwira ngo ntazozana urya yamaze kuvyarira iwabo ngo narondere uwundi mukobwa. Umwana nawe ngo umugore uzozana azomukurerera uwo mwana canke umugumize kwa nyina azomurera nkuko yareze uwundi. Umuhungu yaciye atangura kugendera ku mabwire ya nyina, ntiyaba akindaba kuva inda ifise amezi ane gushika ikwize umunani uwo muhungu tutavugana. Ariko jewe narintekanye kuko narinzi igihe inda imaze, nari naragiye no kwa muganga mu bipimo kandi nari mfise n'icemeza k'umwana azovuka aja iwabo.

Amezi umunani aheze naciye mbwira wa muhungu ko ntafise impuzu canke ico nzoteruramwo umwana. Narongeyeko ko yongurira igitenge nkaja kwa muganga gupimisha imbanyi. Yaciye anyishura ko azogira ico aguze aruko umwana avutse akabona ko ari rwiwe, ngo bitabayeho uko nzokwimenya. Naciye ndamwishura ko bigoye ko nogenda kuvyara ntagira ico nakiriramwo umwana ko niba ashaka ko ntaja kuvyarira kwa muganga hageze nzogenda iwabo nyina ayinyakirire kuko ntazogwa mu minwe y'abandi ngo muce munyagiriza ubwicanyi ariwe yanse ko nja kwa muganga. Ntiyanyumvirije mbere niterefone twariko turavuganirako yaciye ahagirika ikiganiro (ara kupa).

Narasubiriye kumutelefona imbanyi iriko iregereza kuvuka, hari mu kw'icumi na kabiri. Yaciye ambwira ngo ndindire ukwicumi guhere nzoce ngenda gutora ico yaronse co kumfashisha. Nararindi-riye ukwo kwezi guheze nca ndagenda nko kwitariki zitanu, naciye ndamusanga aho adandariza ntamuteguje. Nshitse aho akorera ndajaho ndicara ndahora nawe aradandaza ahejeje acambaza ikigenza. Naramubwiye ko nzanwe no kurondera za mpuzu zo kuja kwa muganga. Yaciye ambwira ko nagiye ntamuteguje none ko nosubira inyuma nkazogaruka kuwa mungu kandi ku mugoroba. Yarongeye ansaba ko ku mugoroba nomubipa ngo ace anterefone ndamubwire neza ico nkeneye.

Mw'ijoro naciye ndamubipa acarantelefona ambaza ngo nshaka igitenge ca ngahe. Yabivuganye nakagaye kenshi, nca ndamwishura ko ntamusavye igitengi c'ibeyi namusavye ico nambara naho woba umutoto nkabona arimpuzu nambara ikankwira. Yaciye ambaza ngo none igitenge c'ibihumbi bitanu conkwira. Namwishuye ko niba ahora abona mama wiwe kimukwira arakigura. twarateranye amajambo aca ambwira ngo nzogende kuwa mungu mugabo ngo muga azompa ibihumbi cumi ntazorenza. Naciye ndamubwira ko ata mahera namusavye jewe nshaka impuzu gusa.

Hageze kuwa mungu yari yambwiye naragiye nsanga yavuyeye nshitseyo acambaza ngo ikingenza. Namwishuye ko ikingenza atacirengagije akizi. Yanyishuye ko atamera afise. Naciye nkara ndamubwira ko ntagenda ntayatwaye yorondera uwuyamugurana. Yaciye ampa ibihumbi cumi na bibiri ngo ngende kugura igitenge c'ibihumbi bitandatu, ibindi bihumbi bitandatu nje kubigirishamwo ibipimo (échographie) kwa muganga. Ayo mahera yayakurikije amajambo ngo nintware nayo ntaco aciyeko. Numvise ayo majambo yaranteye ishavu nca ndanka gutora ayo mahera, ndamubwira ko yoyagumya ariko arayantukira, ahubwo mbandanya ndamusaba ko yongurira igitenge ahubwo. Naciye ariko nguma ngaho ku mugoroba yongerako bitatu biba cumi na bitanu, nahone ndanka kuyatora.

Nka sambiri z'ijoro yarasubiye arampamagara ampa amwe cumi nabitanu ndayanka, ndamubwira ko nkeneye impuzu, ata mahera nshaka. Abonye ndayanse yaciye ambwira ngo ko ndayanse aragiye kurondera igipolisi kimunkureko. Naciye nibwira muri jewe noba ntomboyeye yohamagara igipolisi coco cotwumviriza. Nagumye ngaho imbere y'i butike yewe, nza mbuna uwundi muhungu araje kuyugara, nawe yari yaciye inyuma aca aritahira. Nararindiriye ko agaruka ndabura, nca ndibwira ko ataco ncerabantu bose baraziko inda ari gwiwe, ko nza kuguma aho ngashaka nkaharara.

Haciye haza umuntu arengana arambaza igituma ndi ngaho. Naciye ndamwiganira ivyanje vyose Nawe yaciye ambwira ko ari umushingantahe waho hantu adashobora kurengana umuntu afise ingorane ataco akoze. Yaciye atuma umunyezamu yararira haruguru yiyo boutike ngo agende muhamagarire igipolisi barabwira umuntu araye ngaho. Umupolisi amaze gushika yarambajije ingene bimeze nanje nca ndabimwiganira vyose. Yaciye ambwira ko batagira aho bandaza ngo ngume ngaho ngo bukeye bazomundonderera. Naraye nicaye imbere yiyo boutike. Bukeye mbona haje kugurura umuhungu bavukana nawe ngo yari yazindutse aha mu Gitaramuka. Umuhungu afise i boutike hampande yiwe yaciye amutelefona. Yamubwiye konogira ingorane yokwibonerako ngo kuko abantu bose barazi ko inda ari rwiwe. Yaranamubwiye ko yozana amahera afise ayabura apfume ayamugurana ariko wa muhungu yaranse.

Bigenze uko naciye ngenda kugi polisi baca barambaza ko mfise icemeza. Naciye ndabereka rwa rupapuro yandika mbere narugize na fotocopie kugira ntibarunyake barutabure atarundi mfise. Umu major yarahari yambwiye ngo kugira vyorohe ngo nsubire kuri ya butike hanyuma mbonye buguruye nce ninjira. Naramubwiye ko ntinye ko bohava bankubita canke bangirire nabi kubera ata n'inguvu mfise. Nawe ngo oya genda turagutabara tuzoba turi hafi. Naragiye, hanyuma nca ndinjira ngumaho. Narabajije wa muhungu bavukana iyo mwenewabo ari. Yaciye afata telefone amubwira ngo nimba waramubembereje ngo ngira ndamukubite, ndamukubite hamwe yibaza icamuzanye. Wa muhungu nawe aramubwira ngo ntankubite ahubwo ngo narondere abamunkurako. Uwo muhungu bavukana yaciye antora mu ntebe nicayemwo arankwegaga ansohora. Nshitse ku muryango ndamata turanigana ndavuzaga induru. Wamu Major yumvise induru aca arungika umupolisi ngo aze kuntabara. Ashitse yarabajije ivyarivyo nca ndamwiganira vyose. Nawe yarongeye arabaza ko mfise ivyemeza nca ndamwereka rwa rupapuro. Aho ijipo nari nambaye yari yatabutse ncafuye aho yamburuse hasi, nari numva merewe nabi aho yankweze hasi.

Naramubwiye ko ndi ngaho hantu kuva ejo mugatondo kandi ntigeze mfungura. Wa mu polisi yaciye abwira uwo menewabo na wa muhungu ngo ampe ibihumbi bibiri mbanze nje gufungura. Yaranse kubimpa avuga ko ivyiyo boutike atari ivya Innocent (wa muhungu yantwaga inda) gusa ngo barabisangiye nico gituma adashobora kuyampa. Wa mu polisi yaramubwiye ati basi muhe mugice ciwe, yongera kandi aca amutegeka kwugara baca baja kumufunga. Mu ma sasita niho papa wiwe nawamuhungu Innocent baca baza. OPJ aca ababwira ko abumviriza inyuma ya sasita ngo karya gahungu nikabe karagumye harya ngo ntaco kamukubita, « ngo ntategeko ryogukubita umugore w'uwundi rihari, ngo mwe mubona mutateguye igitero c'ukumwica ? »

Se wa wamuhungu yaravuze ko atavyo yarazi ahubwo ngo yari yiteguriye kuja gukwa. Jewe sinari nkivuga ntivyakunda. Ni OPJ yaguma amvugira. Yarambajije icyo dupfaga canke dupfana nanje ndamubwira ko ata na kimwe dupfaga kandi dupfana kiretseko avukana n'umuhungu yantwaga inda. OPJ yaciye avuga ko ntamugiriye ikigongwe azoruhukira mu mpimba kuko yakubise umugore ahakwa gukorora inda itari gwiwe. Ngo naho ndamugiriye ikigongwe aca atanga ibihumbi mirongo itatu zizo mpuzu yatabaguye nayo kuja mwi radio, ngo hama uwo nawe yaguteye inda nimba atariyumvira kukugurira impuzu ngo nimugende ejo mugatondo nzozigucira.

Aho twari kuri birigade duca turataha. Wa muhungu yaciye aja guhiga ya mahera kugira mwenewabo ntarare mugasho. Bukeye nazindukiye ku gipolisi baca barampa ibihumbi mirongo. Nca ndasaba amahera ya za mpuzu nazo bantaburirako OPJ ati hinge nataza ndagukatira amahera yazo. Wa muhungu aca atuma uwundi muntu ngo ningende hano ico ambwira ariko ndanka. Amaze kuntumako ashimitse incuro nyinshi naremeye ndagenda.

Ndamushikiriye yaciye atangura kumbwira ingorane afise ngo nayo yamutoya wiwe ko ariwe yayatanze. Naramubwiye ko jewe nayamusavye ngo ayampe muntoke aranka ngo ntacacyeko none ko ubu ategerezwa kuyampera kwa OPJ. Yaransavye, ngo ndamugirire ikigongwe ansigurira ko ata nteguro yo kunyica ngo kandi atari we yabigize ko na mwenewabo yari yamubujije kunkubita. Yaciye ampa ibihumbi mirongo ibiri ngo ngende muri ecographie nongere ngure n'igitenge. Naramubwiye ko nemeye kuyakira kugira tureke kuguma twimaramaza tuja imber y'imanza. Ariko naramubwiye ko haheze indwi imwe azoba yampaye ivy'umwana vyose, ko ata kwezi gusigaye kugira mvyare. Yaciye ambwira ngo nzomubipe samedi ikurikira. Hanyuma naciye ngenda ndagura ibitenge bibiri, nongera ndaja kwa muganga. Ya samedi yari yambwiye igeze naciye ndamubipa nawe acaranterefona, acambwira ngo nzogende gutora yamahera bukeye. Naragiye acarampa ibihumbi mirongo itatu ngo nje kugura impuzu z'umwana. Haheze imisi mikeyi naciye ngenda kw'isoko ndayaguramwo impuzu, iswime, agashuka naga couvre-bébé.

Uwo musu nyene ngenda kubigura inda yamfatiye mw'isoko, nca ndataha bukebuke n'amaguru kuva mu gitaramuka gushika muhira. Kubera narinzi ingene inda ifata narabona ko nzovyara bukeye. Nashitse muhira sakumi na zibiri n'inusu nca ndatekera ndaja kwa muganga. Nshitseyo naramuterefonye ndamubwira ko ndaye kwa muganga. Bukeye sinari bwavyare nca ndasimba kwa wa muhungu kwi boutike ndamwaka amahera narinkeneye, nca ndasubira kwa muganga. Nageze kuvyara sa cenda. Jewe igihe navyara uwambere maman yarankanze n'amazi ashushe, sinatubitse, kuwa kabiri nje nikanda mugatondo no kumugoroba.

Mpejeje kwibaruka naciye ntuma uwo tuvukana aje kumubwira ko navyaye. Yaciye amurungikana ifanta n'icayi. Nawe hageze ku mugoroba yaraje kuraba umwana nca mbonerwaho no kumubwira ko ata linge z'umwana mfise. Yaciye ambwira ngo nzotume uwo tuvukana aje kubitora. Yagiye arafasha umwana gushika ku mezi atanu.

Hamwe umwana ageze kurya ivyamwa, wa muhungu yaciye ambwira ko ataco azosubira kumpa. Hari abantu bambwiye ko ari nyina amubuza. Naciye ndamubwira ko adashobora kunyima ibirezo kandi umwana ageze gufungura. Nari namaze kubona ko ataruwo tuzokubakana ngo atakundi atari kuburana. Naciye ngenda rero kwitwara kandi nca nsangaho wamu OPJ yatwumviriza ubwa mbere. Naramwiganiye ko yanse kurera umwana nanje ntafise ico ndamureresha, ko n'impuzu aheruka izo mu buyoya. Narabwiye OPJ ko naje igitenge yanguriye arico nambara ku rubanza no muhira. Naciye nsaba OPJ ko yomubaririra niba ata mahera afise ampe ikivi ndime ndondere ivyo nderesha umwana.

OPJ yaciye amubwira ko yobikora uko ndabisavye. Wa muhungu nawe ntiyavyemeye avuga na wene ata kivi afise kuko ntibaramusohora. OPJ yaciye amubwira ko akuze yogenda akabwira abiwabo bamuhe ivyiwe kugira arere umwana. Yumvise ivyo OPJ amubwiye yaciye avuga ko avyemeye ariko ntavyo yakoze munyuma naciye numva ngo ageze hiyo i Gitega gukorerayo. Maze kuvyumva, kubera nari mfise urupapuro se wiwe yasinyeko ko yiyemeje ko umwana azoba umwuzukuru wiwe, naciye nsaba OPJ ko yomuntumirako. Yarabikoze hanyuma amaze kwitaba aca aramubwira ati ko muhungu wawe yanyitse urazana ikivi ciwe baze barareresha umwana. Ariko uwo se wiwe yaravyanse avuga ko adashobora gusohora uwo atabona avuga ko yampaye umugabo atakindi nomuronderako.

Naragerageje ndamwumvisha ko umawana mfise ari amaraso yiwe atoja gusanzarira mu gahinga kandi arayiwe, ndamubwira ko yompa ikivi nshobore kurondera ingene umwana yobaho.

Ivyo vy'ikivi se wawa muhungu yaravyanse ariko aca aremera ko agiye kumurondera kandi yara-bikoze kuko haciye imisi yaciye aza. OPJ yaciye ambwira ko ko yemeye ko azokwama ampa 10000 ku kwezi kandi ubu arayampa bimaze imyaka ibiri ayampa. Wa muhungu naciye ndamubwira, ko yogira ubugeni n'uwu ashatse, ko na jewe nzobana n'uwumfata neza mugabo igikuru ariko yofasha umwana kandi ubu arampa vyose n'umwana agwaye aramuvuza.

Muhira naho kuva maze kuvyara ntibamfasha ikintu na kimwe naho ngwara bambwira ngo ndafise umugabo azomvuza. Narigeze no kugwara malaria ndaja mu bitaro banca ibihumbi cumi n'umunani baranka kundihira. Naciye nikora kuyo bari bampaye y'umwana yuko kwezi nca ndongereza mutwo nirondereye.

Nkivyara uwa mbere naho vyashika mama akantuka ko namumaramaje ntiyantuka cane, ubu niho bikaze. Kuva aho mariye kuvyara uwa kabiri, basazanje barantuka ngo ninjane uwo mwana kwa se Mutonya wanjye w'umukobwa afise imyaka cumi n'itatu niwe iyo yumvise mama antutse aca amubwira ko bitagikunda ko umwana asubira munda. Muhira barantuka ngo narahumanye kuvyara kabiri ngo biramaramaje, mugabo ubu abana babafata neza naho jewe bakinyinuba.

Abo mu muryango babibonye nkibisanzwe nkivyara umwana wa mbere bavuga ngo ni kubera nari umwana, ngo nazize ukutamenya. No kuwa kabiri ntibanturubitse nukuri, niyo ngiye kuburana baramba hafi, bakaza bakanshigikira.

Abo mukibano baguma bantuma urutoke ngo urya mukobwa wokwa naka aramaramaje umuryango, ngo yarahevyeye ishure, ngo afise inda, ngo aragotse, ngo ndigihumane eka ngo ndi imaraya nanje bikanshavuza.

Se w'umwana wambere ntaco amfasha ntanico yigeze amfasha nubu nta migenderanire dufitaniye, se w'uwu wakabiri aramufasha ariko nta migenderanire dufitaniye kiretse yuko afasha umwana gusa.

Ubu jewe nta muntu w'umwizigirwa mfise nguma ndi jenyene. Umaze gushikirwa n'ingorane nk'izo urikumira umengo ntugisa n'abandi. Mbona umengo ntibikenewe ko hagira uwo ndabibwira.

Jewe ku mwana wa mbere sinafashwe ku nguvu yarambwiye ndemera naho nari umwana, uwa kabiri niwe novuga ko yamfashe ku nguvu kuko nari namwankiye acashiramwo inguvu.

Kuba umwigeme yibarukiye iwabo biratera ingorane kandi birafise inkurikizi kuko abo ku musozi baguma bakuvuga. Abo muvukana nabo bavuga ngo uje kubagirizako amatongo kubera ibintu vy'ugutorana. Ubu hoho nagize imana ko uwa kabiri afise se kuko n'umuhungu bomwiyiciye. Nkajewe musazanje ubu navyaye yarigeze kunkubita, ndabona ko yahindutse muhira umengo nsavye indaro.

Nshitse muri SENGE nahungukiye vyinshi : Narakerebutse kera naguma jenyene, narikumira nka-bona naragotse nkuko babivuga. Ariko ubu ndi mubandi ndaryohewe kandi naciye ncubwenge. Twaharonkeye n'inyigisho nyinshi : ubu turazi ko umukobwa naho yavyariye iwabo afise agaciro. Mu nyigisho nyinshi twahawe, ico nasigaranye baratwigishije umuyabaga ingene umubiri wiwe uhinduka, ibijanye n'igihe c'agasamo c'umukobwa nivy'ubutinyanka, inkurikizi mbi tujanishije nizo twabonye mu miryango iwacu nkingene dufatwa nabi.

Abo muri nturengaho baratwigishije aho witwara bagufashe ku nguvu, ingene wonyarukira kwa muganga, baratwigisha irondeka rijanye n'amagara meza n'uburyo bwo kuvyara ku rugero.

Impanuro noha abigeme bibarukiye iwabo nuko bobona kwari abantu nkabandi ntibikumire. Nanje narikumira ariko ubu nyaga n'urwaruka rwinshi kuko ndafise vyinshi vyambayeko. Nobahanura ko bokwihangana vyanse bagakoresha agafuko canke bakaja kwa muganga bakababwira uburyo bwokudasubira gusama imbanyu utifuje.

Inyigisho twokura muri iyo ntahe : iki gishingantahe cerekana umwigeme yahenzwe (n'umwigisha wiwe) hama akagerageza gusubira kw'ishure, uwo umuhungu yateye inda atemera gukora ivyashinzwe, umuhizi aharanira inyungu ziwe, uwuhanura urundi rwaruka mw'ishirahamwe SENGE.

Ibiganiro birashobora kuyoborwa muri uru rukurikirane : Mwibaza iki ku ngendo uwo mukobwa yafashe ? Ni igiki yarigukora ? Mwibaza iki ku ruhara rw'uwo mwigisha wa Géographie ? Rw'abarongoye ishure ? Harico bari kuba barakoze imbere yuko uwo mwigeme agendana n'uwo mwigisha gushika naho amutwaza inda ? Mwibaza iki ku bavyeyi b'uwo mukobwa ? Mwibaza iki kuri uwo muhungu yamutwaje inda ubwa kabiri ? Mbega abajwe umutekano boba barakoze ico bategerezwa ?

Insiguro n'ivyiyumviro

Umwigeme : Yarabeswhe n'umwarimu wiwe ngo bakore imibonano mpuza bitsina aruko amuteye ubwoba ngo natabikora azomuha amanota mabi aheze ayoberwe kwishuri. Uwo mwigisha yasa n'uko ari umuvyeyi wiwe kuko niwe yari yamusabiye ishure. Uwo mukobwa ntiyamenye ko ivyo bihanwa n'amategoko y'ishure ngo aheze ashengeze uwo mwigisha amazi atararenga inkombe. Abandi banyeshure hamwe n'ababanyu bari bazi ko agendana n'uwo mwigisha ariko nta numwe yahagurutse ngo atere ivyatsi iyo nyifato igayitse. Yaratwaye iyindi mbanyu igira kabiri aruko abeshwe n'umuhungu ngo aramukunda kandi ngo azomutwara, ariko uyo nyene vyaranse ko yihanagana aca amufata ku nguvu. Umukobwa yaratinze gukoma induru kubera abantu batari kuvyemera bari bamye babona bagendana. Yaragize ishaka ryo gusubira mw'ishure ariko arabura ikimushigikira ngo abahungu ntibazomuhendeshe udukoresho tw'ishure abavyeyi batashoboye kumuha.

Umwigisha : Yararenze amategoko y'ubushikiranganji ahenda umwana akiri muto kandi yigisha, yakoresheje ububasha afise. Hejuru y'icaha co kumusambanya yarihakanye n'umwana bica bituma be na nyina babaho nabi.

Igipolisi : carakoze ivyo gishoboye kugira umuhungu yemera gufasha umukobwa ariko ntibagiye hamwe n'ibindi bigo bifasha abahohotewe kugira uwo mukobwa aronka ubufasha bukwiye. Mwenewabo n'uwo muhungu yamuteye inda yamuhohoteye kandi afise inda, ivyo navyo akaba ari icaha gikomeye ariko baremeye ko asaba ikigongwe umukobwa ha guhana bimwe biboneka ubwo bubisha mu kurungika iyo dossier mu bucamanza bubakurira.

Umuryango : Umuryango ntiwavyakiriye neza kubona umwana wabo atwara inda y'ishushu, yamuvyaye ariko ku wugira kabiri ntibashoboye kuvyihanganiye. Aho rero niho habuze uruhara nyakuri gw'umuvyeyi kuko nta mpanuro canke inyigisho yaronse zotuma adasubira kugwa muri rya kosa kuko murabona ko yariguyemwo ubugira kandi.

Mu kibano, abagenzi : Nta mugenzi yigeze agira ico abariye ku vyamushikiye vyose, kandi mu kibano baramwinuyeye cane kuko baguma bamutunga urutoke ngo wa mukobwa wo kwanaka yarahumanye, atukishije umuryango wiwe. Mu kibano umwana ntaba uw'umwe, bari ku mwegera bakamuha impanuro zotuma adasubira kugwa muri rya kosa kuko yarakiri umwana atarazi inkurikizi mbi zo gukora imibonano mpuza bitsina atarubaka ugwiwe.

Intahe ya Claudine N. : « IKARESO NARI NAMBAYE NAY-ITOYE IRIKO AMARASO KANDI YATABUTSE »

Imyaka afise ubu : 25

Imyaka yari afise igihe yibaruka umwana wambere : 17

Jewe ibihe bikuru bikuru vyankozeko mu buzima bwanje, ni igihe natwara imbanyi ntifuje. Barandungitse kw'ishure ndatangura uwa mbere mugabo ntivyakunze ko mbandaniriza ngaho, mu wagatatu naciye ntandukana n'abavyeyi, nja kwiga mu Rutana. Naba kwa muvyanje wo kwa mama. Nahize kuva muwa gatatu gushika muwa gatandatu, ntoye concours kugira nje muw'indwi, naciye mpeba atari kubera ntwaye inda mugabo kubera ngwaye amaso.

Umwaka ukurikira naciye nsubiraye niga muw'indwi ndahiga ibice bibiri nca ndatwara inda. U muhungu yayaintwaje ntitwakundana ntanico twapfana. Yari umukozi waho naba ni ukuvuga nta rukundo rwanje nawe rwari ruhari. Bavuga ngo ntawokurira impuzu uwo mudakundana, jewe ariko nukuri vyarashitse kandi ntitwakundana. Hari itariki 13 z'ukwa 5 muri 2007. Narimvuye mu gisabisho ca louange. Uwo mukozi, umu mama yari yagiye k'urubanza, umu papa nawe yari umuganga mu Rutana ntiyataha yarapanze mu Rutana kuri centre natwe tuba kuri zone. Hanyuma wa mukozi yarambajije ko turi twenyene ngo aze kudasanga ndamubwira nti ego hanyuma acaraza mu cumba.



Ico gihe nari muhira jenyene n'abana, nabo bari bato uwarakuze yari jewe narimfise imyaka 16. Ashitse mu cumba ivyabaye nukuri ntavyonzi kuko ntiyigeze ambwira tubigire, kuko ntavyo nari kwemera kuko ntanivyo narinzi. Vyabaye umwanya muto abana bari bagiye mu rugo. Mw'ijoro naribonyeko amaraso, bukeye nca ndaja kwa muganga kubera n'ikareso nari nambaye nayitoye iriko amaraso kandi yatabutse. Sinagiye kwa muganga ngo nuko twabigize nabona ataco bitwaye kuko sinumva nivyarivyo ahubwo nagiye kubera ayo maraso. Ariko aho kwa muganga sinashitseyo naciye nkatira munzira.

Bukeye mama wabo bana aje abana baciye bavuga ngo twarakomye induru ejo, mugabo nyina ntiyabajije ivyarivyo. Mu nyuma niho namenya ko mfise inda ku mezi atandatu nahone uwo muvyanje abimbwiye, kuko ntaco nikeka kuko nta butinyanka naribwabone kuriyo myaka 16. Nahora numva bavuga, baravugaga ngo umwigeme ataraja mu butinyanka ntatwara imbanyi.

Aho naba bayibonye baca bambwira ngo wewe mu kw'icenda ntuzosubira kw'ishure. Baciye bambwira ngo impuzu zifise imachine n'ibifungo ufunga mu nda sinzosubire kuzambara, baca barangurira izindi kanzu. Gushika aho jewe ntavyo narinziko mfise inda nabimenye babimbwiye. Baramabajije ingene vyagenze nca ndabivuga. Baciye bahamagara wa mugabo w'umukozi, baca batujana ahanu mu cumba baratubaza, aratinda aravyemera. Baciye bamubwira ngo nangurire impuzu, ibitenge, impuzu z'umwana n'iswime. Nawe yaciye avugaga ko ata mahera afise. Kubera yari uwo mu muryango baciye bamubwira ko amahera 37.000 bamufitiye batazoyamuha.

Rero munyuma harageze ko nibaruka mugabo kubera ataco narindabiziko ndagumangaho, nguma nshaka kuja kwihagarika. Mama yaciye abibona aca arambwira ngo tugende kwa muganga. Aho hari mw'ijoro, duca turagenda mbere ntitwanashitseyo, navyariye ahantu mu nzira. Twaciye dusubira, muhira ariko ntawigeze antubikira n'igikweme, ntanuwanze n'amazi ashushe. Umwana haraheze nk'amezi nk'abiri abo tuvukana bataramukorako, twamuterura jewe na mama gusa.

Naragumye ngaho rero ndabaho, se w'umwana sinarinzi iyageze kuko ntanakimwe yamfashije kuva mfise inda nogushika avuke arakura. Umwana ariko arakura nariyumviriye ngo niyahure muganga ndibaza ko niyahuye nsiga umwana wanjye nzoba ncumuye. Nitwajana tukiyahura twese naho mbona ko Imana izombaza urupfu rw'abantu babiri, nca ndabireka nguma nizeye Yezu. Muri ubwo buzima naguma numva ko imana itampevyeye kandi ikinkunda.

Abo tuvukana canke mama ntanakimwe bigeze bamfashisha. Nta mpuzu y'umwana bigeze bampanya, amavuta yaheze nagenda ntisize, umwana yoga atogaye, atisize canke atambaye vyarandaba.

Ababanyi bamwe baranyinuba abandi bakaza bagaterura, umwana. Amaze nk'umwaka, naratanguye kuja gukorera abantu bakampa amahera. Ayo niyo nakuramwo ivyo nkeneye vya jewe n'umwana, nk'impuzu, amavuta n'isabuni. Aho hose ariko Imana ntiyigeze inshira kure yayo naguma numva noja gusenga. Nama mbwira Imana ntivyo nakoze urabizi ngirira ikigongwe unyereke umunyeyi w'uwigumana. Umunsi umwe ngiyeye gusenga nza numva mw'isengero bavuze ngo abavyaye ishushu bazoze kwiga, batange impongano kugira abana babo bashobore kubatizwa. Nanje nacye nja kuraba Patiri ndamwingiga umwana arabatizwa.

Umwana akwiye imyaka itanu nacye niyumvira ko jewe naho ntize umwana wanjye we akwiye kuzokwiga.

Nacye ndamwandikisha mu mashuri yo kwimenyereza (maternelle) i Bugera. Yarayize ariko kenshi yataha ararira akambwira ngo umuyobizi yamukubise ngo yaje yambaye uturako ngo abandi bana batatwambaye. Yarafise naho yakomeretse ngo bamubwiye agwaye amavunja atarivyo Umwaka uheze acarajya muwa mbere kuko iwacu amashuri yo kwimenyereza n'umwaka Yaciye yungururwa aya mu wambere mugabo akaguma agwaragurika akajya no mu bitaro kubera malaria. Yarigeze no kugwira ikivimba mw'ivi ntitwari tuzi ivyarivyo ndajya kwa muganga bamutera inshinge 9 biranka. Abavyeyi ishavu ryari ryagabanutse bamfashije kurondera umuti womukiza. Ariko naho ishavu ryari ryagabanutse mu bavyeyi, musazanye nkurikira yarankariye nteruye umwana ambwira ngo yontama akajya kuburana n'umunyimbira. Naramwishuye ko niba abona ko arivyo Imana yamweretse arantama antemane n'umwana wanjye. Abavyeyi banje kubera bobo ishavu ryaragabanutse baragerageza kumubuza kumubuza, mugabo akaguma antoteza twe n'umwana.

Aho mu wambere kubera yaguma agwaye yacasiba ibibazo, yaciye adubura. Niho rero mur'uwo mwaka nyene haza umubanyi afise itelefone ambwira ko hari umuntu ariko andondera kuri telefone yiwe. Nitavye akambwira uwariwe nandumva kwari se w'umwana. Yaciye ambwira ko ari mu Rutana kwa Vincent ngo ndamusangemo. Aho rero jewe icyo gihe naho twariguhura sinarikumumenya atanyibwiye. Nacye ndamubwira ko ntakiri mu Rutana natashe. Yaciye ambaza ko ya nda yahavuye ivamwo umwana ndaheza ndabimwemerera aca ambwira ngo ndamumuhe bavugane. Nacye ndamuhaha umwana baravugana aramubwira ngo : « Bite, urakomeye ? Maman wawe arihe ? » Umwana yaciye amwishura ko turikumwe. Yaciye amubwira ko ari papa wiwe kandi ari mukuza kumutera. Umwana yaciye ansubiza telefone, acarambwira ngo nibagire ishavu yanteye ngo nzogende duhuriye ku mbogora. Naragiye turabonana aca ambwira ngo tuzogende iwabo n'umwana kandi ngo nzogende njanywe n'abandi bantu nka babiri. Yaciye, twariteguye turagenda tujanywe n'inzoga hanyuma aca arabwira abiwabo k'umwana arigwiye.

Yaciye ansaba ngo ndamuhe umwana aje kwiga aba iwabo. Umwana yaciye aja iwabo wa se mu giheta acaguma mu wambere kubera ata bulletin bari bampaye aho yahora.

Ubu ndatelefona nkabaza umwana ingene ameze akambwira ko akomeye abayeho neza. Se w'umwana nawe yambwiye ngo Imana imuhezagiye ntawundi Nyina w'umwana ashaka atari jewe. Naramubwiye ko ntabizi tuzobivugana kuko harigihe numva ntogira mariage nokwigumira uku.

Kuba umwigeme yibarukiye iwabo inkurikizi ziriho. Kera umwigeme atwaye ishushu baca bamuta mugisumanyenzi. N'ukuvuga ko iyaba bikiriho bari kuba bantayeyo. Naho ubu bitakiruko, nubu ntivyoroshe. Abantu baca bavuga ngo niko yamye, ngo niyongeso, ngo yamye ar'umusambanyi. Hohu iyo utwaye iyakabiri ntanuwasubira kukuraba ngwanakuvugishe. Iyo, bishitse uca wumva utoja no mubandi. Nka jewe narumva ntojana n'abandi haba gusenga canke ku kivi kandi. Nabo tuvukana ntibemera ko tujana babona ko nahumanye. Nkajewe ndenganye baratwenga, bakimyoza nanje ngaca mbona ko atakamaro ko kubajamwo.

Mw'ishirahamwe SENGE nahungukiye vyinshi ntarinzi, eka ryaje hageze kuko haribintu numviyeyo ntaribwumve. Iyo ntajayo ngira nopfuye ntamenye nko ko gusambana n'abantu benshi ushobora kwandura ingwara zifatira mu bihimba vy'irondoka nka Sida, blennorrhagia, syphilis... Nukuvuga nkivyo iyo ntaja muri SENGE ntavyo nomenye kandi nokwibarukira muhira sinarinzi kwari bibi. Naramenye ko nukwigungira aha wenyene ari bibi. Ntaraja muri SENGE naguma ndi jenyene nigunze ariko ubu ndaja mu bandi kandi n'abavyeyi barashima kuba naragiye muri SENGE kuko barabonye ko nahinduye ingendo. Ubu ibikorwa vyanje ni muri SENGE no kw'isengero. Nkubu jewe haraje abahungu umunani kundesha kandi nari mfise umwana ikintu cambabaza nuko bose baza bavuga ngo dusambane imbere yuko tubana. Nabishura nti umusore w'ibanga kandi w'is-ezerano ashaka umugore mwiza azoshira mu nzu ntaza asaba ko musambana arindira agushikane mu nzu. Bose bahitamwo kumpeba ariko jewe navuga ko ic'Imana yanditse arico kizoba. Mu mwaka uheze haraje umuhungu ngo aje kundesha baza ari abahungu babiri mugabo wa mugenzi wiwe yaciye agenda dusigara turi 2. Twaraganiriye hama ndamuherekeza acambwira ndamwakirize torche kuko hatabona kandi haramabuye kwirembo utahamenyereye wohakomerekeza.

Ndagenda dushitse mu nzira acatangura kumfata ku rutugu ambwira ngo cherie ndagukunda ngo cherie ntaco nzokwima ukimbona ngo akira iyi telephone uyigumye n'ibindi vyose nzoguha. Namwishuye ko jewe telephone yiwe atayo nshaka kandi kunyita cherie umusi wambere aje muhira irya 1 bidasiguritse. Namubwiye ko yotaha niyumva ashaka ko ndamubera umu cherie azogaruka muhira atekanye. Yaciye atangura kumfata nanje nca ndibukako muri SENGE batwigishije ibintu vyogufata ku nguvu. Naciye ndamwikura biranka nca ndakoma induru cane mama na muramukazanje bacabaza bariruka. Yaciye andekura mugabo amarori yanje niwe yarakiyafise nca ndayamwaka. Naciye ndamubwira ko imigenderanire yanje nawe hanyuma duca turitahira na mama nuwo muramukazanje. Ubu ndumva muri jewe nzosubira kuvyara umwana aruko biciye mu mategeko.

Ndashima cane SENGE. Ndababazwa n'umwigeme atwara inda ya kabiri ubonye ingene ufatwa wavyaye ingene baguca ukisangiza bakakwinuba atariyo ngeso ntiwosubira. Ndumva nobakebura birinde gusubira, bitware neza.

Nka jewe kuvyanshikiye hariho abo vyashikiye abavyeyi bakabitahura. Jewe abavyeyi, abo tuvukana, umuryango, ababanyi mbere n'abigisha banyigishije barababaye. Mvuze umwigisha kuko umuntu wigishije nk'umwaka wose uba uri nk'umuvyeyi wiwe.

Ico nohanura abandi bigeme, nobabwira bakurikize ijambo ry'Imana kandi baze muri SENGE bumve inyigisho. Kumbure hariho utuntu tw'utuganire duhanura kubafise amahirwe y'ugutunga iradio kuko nka twebwe twarashinze intahe kw'iradio. Abo bitarashikira bokwigira ku ntahe zacu zobafasha kwirinda ntibibashikire abo vyashikiye nabo ntibasubire.

Inyigisho twokura muri iyo ntahe : Iki gishingantahe kirashobora kwerekana ingene umwana akiri muto agafatwa ku nguvu yoremeshwa n'umwana wiwe agafashwa. akaronka inguvu mu rukundo akundwa n'umwana wiwe, mu kwemera Imana kwiwe, no mu nyigisho yaronse mw'ishirahamwe SENGE.

Ibiganiro birashobora kuyoborwa muri uru rukurikirane : Mwibaza iki kuruhara rw'urya mupfasoni umukobwa yabako imbere yo gutwara imbanyi ? Harico bari kuba barakoze imbere yuko uwo mwigeme aja mu butinyanka ? Mwibaza iki ku nyifato ya nyina nabo bavukana ? Ikibano ? Mwibaza iki kuri uwo muhungu yamutwaje inda ?

Insiguro n'ivyiyumviro

Umwigeme : Ntiyafashwe ku nguvu, yaranguye amabanga y'abubatse atazi uko vyagenze, yabibwiwe nuko yibonyeko amaraso agaheza agasanga n'agahuzu ko musu kariko amaraso. Yagiye kumenya ko afise inda imaze amezi atandatu kuko ntiyarazi ivyarivyo yarakiri muto cane. Umwana yaravutse, iwabo bamufata nabi, basazawe bakamuturubika mbere n'abavyeyi ntibigeze bamuraba ryiza gushika aho umwana akwirije imyaka itanu hageze ko atangura ishure niho batangura kworosha gahoro gahoro. Abavyeyi barakwiye kwirinda gusiga abana b'abakobwa bonyene ahari imisore. Na cane cane abavyeyi bareze abana batibarutse barakwiye kubitwararika nkuko boba arababavyaye. Abo bavyeyi baradohotse kw'ibanga kuko nta na hamwe tubona ko bakurikiranye uwo mwigeme canke ngo bafashe abiwabo kumenya uwamutwaje inda. Umusore yamutanye inda n'umwana arinda avuka umukobwa atazi iyo se w'umwana ari. Mu nyuma yarahuye n'uwundi musore yashatse kumufata kunguvu hanyuma umukobwa akizwa nuko yakomye induru bakaza kumutabara. Ntawogira isoni rero ngo yakomye induru kuko utabikoze uzokwisanga wasubiriye kuba igicibwa mu muryango.

Umusore : Yarahemukiye uwo mukobwa ubwa mbere mu kumusambanya kandi abona akiri muto ataramenya ivyo bintu ivyarivyo. Yarongeye guhemuka mu kudakurikirana icavuye muvuyo yakoze no mu guhakana ko inda afise atari iyiwe agaheza akavuga ngo babikoze nkuko n’abandi basanzwe babikora. Aho yashatse kwerekana ko umukobwa asanzwe asambana n’abandi basore. Mu nyuma agatima mpembero karagarutse araza kurondera umukobwa yongera aremera n’umwana bisigura ko kumbure kera yatewe ubwoba n’umuryango yakorera.

Umuryango : Umuryango warakoze amakosa mu guturubika uwo mwigeme kuko bari gutahura ko ku myaka yarafise atarazi ivy’imibonano mpuzabitsina bisigura n’ingaruka zavyo. Ahubwo bari kureka gukora uko ishavu rigize, bakaboneraho kumwigisha kugira ngo ivyamubayeko ntibize bisubire.

Mu kibano, abagenzi : Ku bijanye n’abagenzi, nta mwizigirwa yigeze agira ngo amwiganire ivyamushikiye. Mu kibano bari baramuciriye umukenke co kimwe n’iwabo mu muryango. Yari yabaye igicibwa mu muryango no mu kibano kuko babona ko yahumanye mu gutwara inda y’ishushu. Nkuko avyivugira avuga ati nasa n’uwo bataye mu rusumanyenzi. Kera kuri ba sokuru nico gihano baha umukobwa yatwariye inda y’ishushu iwabo.

